

ISSN 2088 0812

MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

GITIS BASA


NGGAYUH UTAMANING BASA MRIH LUHURING PAKARTI



BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TIMUR



Isinipun Majalah



7



9



12



38



41



42

Atur Sapala Kabudayan

1

Ngrembakakaken Basa saha Sastra Jawa

Lumantar Sayembara

Hidratmoko Andritamtomo

2

Dongèng Kanggé Laré, Kasalarasaken kaliyan Umuripun

Sri Narjati

5

Candhi Penampihan Minangka Pusat Pamulangan

ing Jaman Kuna

Zuly Kristanto

7

Pangarsa

Marskal Muda Udara, dr. Abdulrachman Saleh, Sp.F

Pahlawan Nasional, Perintis Radio Republik Indonesia

J.F.X. Hoery

9

Pawartos

Simposium Nasional III PPBDI Mapan Ing Bali

Emi Sudarwati

12

Cariyos

Paman Jogro

St. Sri Emyani

14

Cerkak

Pahargyan Mirunggan

Nono Warnono

17

Saestu, Boten Ndlomok

Datiek Yuminarko Triwida

21

Nggoleki Bapak

Keliek S.W.

24

Emak Pengin Kurban Saktenane

Eni Siti Nurhayati

26

Walang Kayu

Sri Asih

28

Geguritan

Nono Warnono

30

J.F.X. Hoery

31

Hidratmoko Andritamtomo

32

Irul S. Budianto

33

D' Eros Sudarjono

34

Sari Mahasiswati

35

Gegujengan

Njaluk dhisik Jatahe

Budi Wahyono

36

Alarm-e Tanggane

Raissa Nugrahita Putri

37

Papan Wisata

Rest Area Thuk Dhali

Papan Panggenan Wisata Ingkang Ngresepaken Nurani

St. Sri Emyani

38

Dhaharan

Kue Talam Singkong

Sri Asih

41

Wawancara

Nono Warnono

42

Pitutur Luhur

Pitutur Adiluhulung Saking Leluhur

J.F.X. Hoery

47

ISSN 2088 0812

TITIS BASA

MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

PENANGGUNG JAWAB

Umi Kulsum

REDAKTUR

Dalwiningsih

DEWAN REDAKSI

Darmono Saputro (Javanologi Surabaya)
Mohammad Fajar (Universitas Sebelas Maret)

DESAIN GRAFIS

Okky N.

SEKRETARIAT

Rahmidi

ALAMAT REDAKSI

Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur
Jalan Gebang Putih No.10,
Kel. Keputih, Kec. Sukolilo, Surabaya
Telepon: 031-5925972
Pos elektronik: dalwiningsih@yahoo.com

Majalah Titis Basa nampi seratan kadosta cariyos, pangarsa, gegujengan, tetembungan, geguritan, papan wisata, dhaharan lan naskah sanesipun ingkang wonten sesambetanipun kaliyan basa lan budaya Jawa. Redhaksi sampun sarujuk kaliyan isinipun lan kanton nerbitaken kémawon.

ATUR SAPALA

Assalamu`alaikum wr. wb.

Sugeng pinanggih malih para pamaos. Kados pundi pawartosipun sedherek Titis Basa sedaya? Pamujinipun redhaksi mugi kita sami pinaringan kasarasan ugi pangayomanipun Gusti Inggang Maha Agung, aamiin. Alhamdulillah, tamtu bingah sanget samenika majalah Titis Basa sampun terbit malih ing taun 2023 edhisi selikur.

Redhaksi ugi tansah ngaturaken agenging panuwun dhumateng para kadang ingkang sampun nyerat lan kintun naskah kangge Titis Basa amrih nguri-uri majalah basa Jawa krama menika tetep urip lan ngrembaka.

Para sutresna basa, sastra, lan budaya Jawi, sumangga tetep kersa kintun naskah kangge majalah Titis Basa. Alamat pos-el kangge kintun naskah sampun katulis ing sisi kiwa atur sapala menika. Pangajengipun redhaksi, mugi majalah Titis Basa tansah saged maringi mupangat kangge kita sedaya. Nuwun.

Wassalamu`alaikum wr. wb

Ngrembakakaken Basa saha Sastra Jawa Lumantar Sayembara

dening: Hidratmoko Andritamtomo

A. Purwaka

1. Sayembara Basa saha Sastra Jawa

Jamak limrahipun saben tiyang sami remen manawi nampi bebingah. Tangeh lamun tanpa bebingah boten badhe nuwuhaken greret kangge nindakaken satunggalipun pakaryan. Dene tuladhanipun pakaryan ingkang dereng kathah dipuntindakaken kepara boten dipunremeni inggih menika nyerat karya sastra awujud cerkak, esai menapadene geguritan. Kanthi pancingan bebingah punika kaajap saged nggigah gregetipun sasintena kemawon sokur bage para mudha murih sami purun saha reman nyerat karya sastra jawa kados ingkang kasebat wonten nginggil.

Tetela karemenan awujud bebingah punika dipunmangertosi dening Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) DIY satemah kaginaaken pinangka sarana kangge nindakaken pembinaan saha pengembangan utawi ngrembakakaken basa saha sastra jawa ing warsa 2022. Dene pambudidayanipun kanthi ngawontenaken seleksi awujud sayembara cerkak, esai saha geguritan ingkang sinerat kanthi aksara jawa. Saking asilipun sayembara punika pungkasanipun badhe kadamelaken pustaka antologi utawi kempalan karya awujud cerkak, esai punapadene geguritan ingkang sinerat aksara jawa ingkang tundhonipun badhe kaparingaken dhumateng para pamupu sayembara ingkang sami sasap punapadene dhateng para sutresna pamaos karya sastra jawa lumantar dinas, pawiyatan punapadene personal. Mligi kangge pasarta pamupu sayembara ingkang sasap temtu kemawon taksih pinaringan bebingah arupi yatra.

Pambudidaya punika pinangka program saking kundha kabudayan DIY kanthi ancas saged caos waosan ingkang sae kangge para mudha, satemah saged paring panjurung undhaking basa saha sastra jawa mliginipun tumrap para mudha. Murih kathah ingkang sami ndherek sayembara,

panawung kridha Kundha Kabudayan DIY marengaken pasarta umum liripun warga asli saking DIY kanthi bukti KTP, dene warga sanjawinipun DIY ugi kaparengaken ndherek sayembara sauger saged nyawisaken surat katrangan domisili saking pamarintah ing laladan DIY. Tumrapipun para mudha saking kalangan mahasiswa kanthi bukti KTM ingkang kampusipun wonten DIY.

2. Sarat, bab kang kabiji, tata panyeratan, paugeran saha wekdal Sayembara

Menggah sarat sayembara basa saha sastra jawa warsa 2022 punika panawung kridha nemtokaken tema “Ngungak Kabudayan Jagad Anyar.” Bab-bab **ingkang kabiji** dening panawung kridha murih pasarta saged sasap inggih menika seratan kedah laras kalia tema. lantipipun basa jawa, bobot isi, kreasi, boten sara, sadhis, saru sarta seratan karya enggal dereng kapacak dhateng sanesipun. Kejawi punika **tata panyeratan** ingkang kedah kagatosaken inggih punika ukuran kertas kwarto A4, arial 11, spasi 1,5 margin 3,3,3,3 sarta kainggih kanthi format doc sanes pdf. Seratan kanthi **paugeran** aksara latin, narasi basa jawa krama. Menggah cacahipun kaca saben seratan kadosdene cerka, esai punapadene geguritan boten sami, liripun cerkak namung winates paling kathah 7 kaca, esai paling kathah 10 kaca, dene geguritan paling kathah 5 judhul wajib sinerat kanthi aksara jawa font Ngayogyan jejeg.

Wekdal sayembara basa saha sastra jawa warsa 2022 dipunpurwakani dening panawung kridha kanthi andum wara-wara lumantar media sosial kadosta Instagram (IG): tasteofjogja_ menapadene share grop WA. Wekdal kangge nyerat cerkak wiwit tanggal 21 Juni 2022 ngantos tanggal 3 Juli 2022. Seratan esai kawiwitan tanggal 8 Juli 2022 ngantos 24 Juli 2022. Dene seratan geguritan kanthi aksara jawa dipunwiwit 1 Agustus 2022 ngantos tanggal 28 Agustus 2022.

3. Maneka Pambudidaya Ngadhepi Sayembara

Kangge ngadhepi sayembara basa saha sastra jawa warsa 2022, katindaaken maneka pambudidaya dening para pasarta pinangka pamupu sayembara. Dene pambudidayanipun antawisipun kanthi pados referensi, ngedhuk idhe lajeng miwiti nyerat. Kajawi binudidaya pribadi, ugi wonten pambudidaya panyengkuyung awujud pambyantu dhateng para pasarta sayembara ingkang katindaaken dening tiyang sanes. Tuladhanipun ingkang katindakaken dening pangarsa/ ketua Paguyuban Sastrawan Jawa Bantul (PSJB) Paramarta, Bambang Nugroho, S.H.

Panjenenganipun tansah ambudidaya dhateng para anggota PSJB Paramarta murih sami ndherek sayembara. Dene ingkang katindakaken kanthi paring panjurung saha panyengkuyung sarta ngawontenaken diskusi salebetipun workshop ngengingi kawruh nyerat cerkak, esai saha geguritan. Mliginipun geguritan awit kedah sinerat kanthi aksara jawa, pramila ndugekaken ahli ingkang sampun pana bab tata serat aksara jawa.

Beneh kalian Sinar Indra Krisnawan, S.Pd pinangka guru basa jawi wonten SMKN 4 Yogyakarta. Pambudidaya ingkang katindaaken tumrap siswa-siswanipun kawiwitan nalika panjenenganipun maringi materi nyerat geguritan dhateng siswa-siswanipun kelas XII jurusan kuliner saha tata busana. Dumadakan wonten siswa ingkang taken, “Yen sampun saged nulis aksara jawa njuk kangge napa, Pak?”

Sinar Indra lajeng paring pangandikan awujud *challenge* utawi tantangan dhateng para siswanipun, “Sing sapa wani tur isa nulis puisi jawa nganggo aksara jawa, jajal dikirim ning sayembara, yen lolos jaminan biji diatas kkm.”

Mekaten ugi pambudidaya ingkang katindakaken dening Hidratmoko utawi panyerat piyambak ingkang kaleres pinangka satunggalipun pengurus MGMP guru Basa Jawa SMP Kabupaten Bantul. Pambudidaya ingkang katindaaken kanthi cara ngedumaken wara-wara sayembara wonten grop WA MGMP. Kejawi punika tumrap pasarta ingkang ngersaaken pedhampingan saha bimbingan, piyambakipun tansah sumadya caos pambyantu ngantos seratan samekta kakintun

dhateng panawung kridha sayembara.

4. Asil Sayembara Kabiwaraaken

Nut wekdal ingkang sampun katemtoaken dening panawung kridha Dinas Kebudayaan (kundha kabudayan) DIY, nalika dinten Senen, surya 26 Desember 2022 lumantar laman <https://budaya.jogjaprovo.go.id/pengumuman/detail/> asilipun sayembara seleksi basa lan sastra jawa Dinas Kebudayaan DIY warsa 2022 tumrap para pasarta ingkang sami sasap mupu sayembara lajeng kabiwaraaken. Menggah asilipun saking sedaya pamupu sayembara, ingkang sasap nyerat esai wonten 24 pasarta. Pasarta ingkang sasap sayembara nyerat cerkak gunggung wonten 62. Dene sayembara nyerat geguritan ingkang sinerat kanthi aksara Jawa ingkang sasap wonten 106 pasarta.

Sasampunipun punika Bambang Nugroho pinangka pangarsa PSJB Paramarta lajeng ninthingi menggah asilipun sayembara tumrap para anggotanipun. Asilipun pasarta sayembara nyerat esai saking Paramarta wonten 9 utawi 37,5 %. Sayembara cerkak saking Paramarta wonten 16 utawi 23, 9%. Dene sayembara geguritan saking Paramarta wonten 19 utawi 17,9 %. Kajawi punika, Panjenenganipun ugi lajeng ninthingi saking gunggung pasarta ingkang sasap mliginipun ingkang saking tlatah Bantul wonten 42 utawi 39,6 %. Sasanesipun saking anggota PSJB Paramarta, Hidratmoko pinangka pengurus MGMP ugi lajeng milah saha nggunggung guru basa jawi SMP Kabupaten Bantul ingkang sasap sayembara basa lan sastra Dinas Kebudayaan DIY warsa 2022 wonten 13 guru.

Sinar Indra Krisnawan ugi ninthingi gunggungipun siswanipun saking SMKN 4 Yogyakarta ingkang sasap sayembara nyerat geguritan kanthi aksara jawa wonten 26 siswa utawi 24,52 %. Sasampunipun kasil ninthingi Sinarindra lajeng kepareng paring pangandikan arupi dudutan, “jebul jurusan kuliner ora gur baud njangan lan kelan, nanging uga prigel plah-plah tembung nganggo dibumboni diksi asem supaya rada kecut. Semono uga jurusan tata busana ora gur pinter itik-itik naging prigel gawe pola metrum amrih ukarane mathis tur dhemes.”

Pungkasanipun Sinar Indra Krisnawan lajeng nadhesaken bilih para mudha mliginipun

para siswa taksih mbetahaken tokoh idola (*role model*) langkung-langkung saking gurunipun piyambak. Kajawi menika guru kedah saged maringi katrangan mirunggan manawi para siswa sampun prigel saha baud nyerat lajeng kedah kepripon saha kadospundi, pramila guru ingkang saged ndunungaken saha ngarahaken.

B. Wosipun Pirembagan

Saking andharan babagan sayembara saha pasarta pamupu sayembara wonten nginggil saged kapendhet bab-bab ingkang kedah kagatosaken dening para pasarta nalika mupu sayembara saha wujud panyengkuyung dhateng para pamupu sayembara.

1. Bab-bab Ingkang Kagatosaken pamupu sayembara

Para pamupu sayembara kedah anggtosaken sarat-sarat ingkang kasuwun dening panawung kridha kadosata tema sayembara, bab-bab utawi kriteria penilaian, tata panyeratan ingkang katemtokaken, paugeran panyeratan karya sarta watesipun wekdal kangge ngrampitaken seratanipun. Sampun ngantos katelasan wekdal awit nglangkungi wanci ingkang sampun katemtokaken.

2. Wujud Payengkuyung dhateng para pamupu sayembara

Payengkuyung ingkang kaparingaken dhateng para pamupu sayembara tuladhanipun saged katindakaen dening satunggalipun pangarsa paguyuban PSJB Paramarta ingkang tansah paring penget, panjurung saha panyengkuyung. Kajawi punika ugi maringi wekdal kagem sami gladhen, tukar kawruh, diskusi salebetipun workshop sarta ndugekaken ahlinipun.

Panyengkuyung dening pengurus MGMP basa jawa saged katindaaken kanthi ngedumaken wara-wara sayembara sarta kersa paring bimbingan sarta pendhampingan mligi tumrap para guru ingkang kepengin nyerat ananging dereng gadhah pengalaman sarta kawruhi.

Pambudidaya dening guru basa jawi tumrap siswanipun saged arupi materi pasinaon kadosta geguritan, cerkak utawi esai. Guru saged paring tantangan tumrap siswanipun kanthi pangaji lamun sami kasil nindakaken pramila

badhe kaparingan biji sanginggilipun kkm. Panjurung sanesipun pinangka guru saged tansah amangun karsa dhateng siswanipun bilih estunipun sedaya sami saged nyerat mliginipun karya sastra jawa. Ing tembe mesthi badhe pikatuk kesaenen tumrap ingkang sampun katindakaken.

Dene kupiya ninthingi ingkang katindaakaken dening Bambang Nugroho, Hidratmoko punapadene Sinar Indra ing nginggil pinangka sarana kangge mangertosi tumrap anggota punapadene siswanipun ingkang sampun saged sasap sayembara ateges sampun nggadahi pengalaman. Dene ingkang dereng sasap satemah saged binudidaya murih ing sayembara salajengipun saged sasap. Kanthi cara punika badhe dipunmangertosi pambudidaya punapa kemawon ingkang kedah kasemktaaken murih ing sayembara salajengipun prosentase ingkang sasap saged langkung matikel gunggungipun.

C. Panutup

Pungkasanipun pinangka dudutan, pakaryan nyerat karya sastra jawa mliginipun panci awrat katindakaken dening sasintena kemawon, langkung-langkung dening para mudha. Nanging kanthi wontenipun kalodhangan saking panawung kridha dinas kebudayaan DIY awujud sayembara sarta wontenipun sembulih temah pakaryan punika saged kasembadan kepara saged ngasilaken karya sastra jawa ingkang sae. Kejawi punika tumrapipun para pamupu sayembara murih saged sasap kedah nggadhai kawruh bab sarat sarana nyerat karya sastra, nuhoni ingkang dados kriteria penilaian sarta paugeranipun sarta mbetahaken panyengkuyung saking asanes sae punika saking paguyuban, pengurus MGMP punapadene saking guru.

Kanthi makaten kaajap sayembara nyerat karya sastra jawa dening Dinas Kebudayaan mliginipun DIY saged katindaaken kanthi rutin. Satemah pembinaan saha kupiya ngrembakaaken sastra sarta basa jawa saged lumampah kanthi gangsar. Tundhonipun basa lan sastra jawa sangsaya ngrembaka dipunremeni dening sasintena kemawon mliginipun para mudha sarta akarya basa lan sastra jawa saged tetep lestantun salaminipun.

Dongèng Kanggé Laré, Kasalarasaken kaliyan Umuripun.

Déning : Sri Narjati.

Maringi cariyos utawi dongeng dhateng putra, ageng sanget gina faédahipun. Sakmenika sampun awis-awis tiyang sepuh ingkang paring dongèng dhateng putra utawi wayahipun. Sampun kadheseg perubahanipun jaman, kasisih saking kemajenganipun teknologi. Televisi saha HP ingkang sampun kuwawa nyingkiraken budaya ndongèng.

Jaman simbah-simbah kula rumiyin, tiyang sepuh kathah ingkang kagungan crita utawi dongèng. Limrahipun dongèng makaten dipun criyosaken rikala lare badhe tilem, utawi nalika putra utawi wayahipun sami kempal ing wanci dalu sadèrèngpun tilem. Langkung-langkung menawi laré angel tilem, padatanipun sagedipun tilem menawi dipun dongèngi, kadhangkala larénipun piyambak ingkang nyuwun dipundongèngi. Malah setunggal dongèng wongsal-wangsul dipuncriyosaken, laré mboten bosen, ngatos ingkang dipun dongèngi apal dhateng paraga-paraganipun.

Pramila menawi ing dalu candhakipun dipundongèngaken ingkang sami, kamangka alur cariyosipun mboten sami, laré lajeng mbantah “Wingi ora ngono.”

Tujuwanipun dongèng.

Senaosa namung dongèng, nanging nggadahi ancas utawi tujuwan ingkang penting kanggé “*perkembanganipun*” laré, ingkang raket sanget kaliyan pendhidhikan utawi panggulawenthah.

Sepisan, dongèng saged nukulaken wontenipun fantasi, angen-angen utawi gegambaran

kanggénipun laré. Upami dongèng kalawau wonten paraganipun satriya, utawi pahlawan, laré lajeng nggambarkaken satriya utawi pahlawan menika gagah, prakosa, nggantheng, mimpangan. Ing mriki laré thukul ing pikiranipun gegambaran watak ingkang positif.

Kaping kalih, nambah seserepan (kaweruh). Ing salebetipun dongèng kathah ingkang dèrèng dipunsumerepi ugi dereng natos kapireng. Wonten mriki laré lajeng kepengin sumerep, mila lajeng takèn kepengin ngertos langkung cetha.

Kaping tiga, nukulaken gegayuhan. Menawi ing dongèng kalawau wonten paraga ingkang dipunkagumi, mila laré lajeng nggadahi gegayuhan utawi cita-cita kados paraga ingkang dipunkagumi wau.

Kaping sekawan, nambah daya piker. Wonten salebetipun dongèng kathah paraganipun ingkang nggadahi sifat-sifat ingkang saé, trésna asih, lembah manah lan sapiturutipun, saha sifat utawi watak awon, kados drengki, gemedhé, srekèl, lan sapanunggilanipun. Ing mriki laré badhé thukul nalaripun, thukul daya pikiripun saged mbédakaken, bilih tumindak ingkang saé kedah dipuntiru dènten ingkang awon kedah dipunsinghiri.

Salaras kaliyan umur.

Maringi dongèng laré kedah saged milah-milahaken saha nyalarasaken kaliyan umuripun laré. Padatanipun menawi laré taksih alit pinuju rèwèl, lajeng dipun giri-giri. (diwedèn-wedèni) Asring kapireng tiyang sepuh menawi ngerih-erih putra alit ingkang rèwèl mboten purun tilem ngendika makaten

: “Kaé yèn ora gelem bubuk ana gendruwo.”, “Hii....
kaé memediné nggolèki bocah ora gelem bubuk...”

Taksih kathah tuladha nggiri-nggiri laré ingkang mboten purun tilem utawi pinuju rèwèl. Makaten punika sanget klentunipun, amargi ndadosaken laré menawi tilem lajeng asring nglindur, girap-girap. Salajengipun laré kathukulan gegambaran awon, ingkang saged ngganggu kejiwaanipun.

Bènten menawi kanthi pangarih-araih, ingkang nukulaken pangajeng-ajeng saé. Umpaminipun, :

“Wis saiki bubuk dhisik, rembulane ya arep bubuk.”

“Rembulan, si.....(Ani) wis ngantuk arep bubuk. Sésuk kancananna manèh ya, rembulan.”

Kanthi makaten laré thukul pangajeng ajeng ingkang nyenengaken. Pangarih-araih makaten cocog kanggé laré umur 1 taun ngatos 3 taun.

Kanggé laré umur 3-5 taun

Dongèng kanggé laré umur 3 taun - 5 taun, prayogi kanthi cariyos ingkang nyata. Upaminipun cariyos salebetipun kulawarga, cariyos cariyos bab kekancan. Padatanipun lare umur semanten menawi jaler remen dolanan ingkang ngedalaken tenaga, dolanan mawi gegaman kados perang-perangan. Laré estri remen dolanan pasaran.

Laré umur 3 taun - 5 tahun remen niru menapa ingkang dipunsumerepi. Prayogi dipundongèngi menggah perlunipun gesang rukun, upaminipun panggesanganipun peksi ingkang tansah gegrombolan, semut menawi mbeta tedhan dipun usung sareng-sareng, ugi cariyos-cariyos babagan agami. Laré semanten kedah wiwit katanemaken keimanan, ugi cariyos ingkang sesambetan kaliyan alam lan lingkungan.

Kanggé laré umur 6 ngantos 9 taun.

Laré umur 6 taun - 9 taun menika sampun angsal pendhidhikan ing sekolah, antawis Taman Kanak-Kanak ngantos SD kelas III . Biyasanipun dongèng ingkang dipunremeni dongèng-dongèng kéwan (fabel).Kados dongèng kacil, kebo lan sapi

rebutan penganggo, ugi cariyos-cariyos nyata, upaminipun pengalaman kekesahan, pengalaman minggah redi lan sanès-sanèsipun.

Kanggé lari umur 10-12 tahun

Wonten mriki kabetahaken dongèng-dongèng ingkang ngandhut sifat-sifat kepahlawanan utawi heroisme. Naluri kejiwaanipun sampun thukul. Pramila badhé tumut bingah menawi paraga ingkang dipunkagumi, dipunremeni, utawi tokoh idholanipun saged mimpang, nanging suwalikipun badhé tumut sedhik menawi kawon, utawi kasiya-siya.

Mila kanggé laré jaler prayogi dongèng ingkang wonten unsur kasatriyan, kados cariyos Damarwulan, Anglingdarma, Jaka Tingkir lsp. Kanggé laré èstri ingkang salaras kaliyan jiwa kewanitan, kados Timun Emas, Kleting Kuning, lsp.

Inkang pungkasan, umur sanginggilipun racakipun laré sampun mboten remen nampi criyos lésan utawi dipundongèngi. Piyamakipun langkung remen ngertos langsung kanthi maos. Inggkng dipunremeni maos komik. Kagem tiyang sepuh tetepa saged ngarahaken, maringi komik-komik ingkang saé. Amargi inggih mboten sekedhik penerbitan komik ingkang mboten mutu ingkang boten paring dhidhikan dhateng laré.

Dongèng Kancil saking Jaman Majapahit

Pinangka panutuping atur, ing ngajeng kula sebataken dongèng Kancil. Pranyata dongèng Kancil menika sampun sepuh sanget. Menika dongèng jaman Majapahit, saged ugi ngrembaka ing salebetipun cepuri kraton.

Bukti bilih dongèng Kancil wonten wiwit Jaman Majapahit, menika katitik wontenipun relief ingkang dipun panggihaken ing patilasan kraton Majapahit. Relief ingkang nyriyosaken dongèng Kancil (kawentar sebatan Kancil Nyolong Timun) kadamel saking “*tanah liat*” , sakmenika kasimpen ing Musium Majapahit, Trowulan, Mojokerto.

Makaten ingkang ingkang saged kula aturaken, menggah panggulawenthah kagem laré-laré lumatar dongèng. Nuwun.

Candhi Penampihan Minangka Pusat Pamulangan ing Jaman Kuna

Candhi penampihan mujudake salah siji tinggalan kuna paling tuwa lan siji-sijine tinggalan saka Jaman Mataram Kuna kang kasisa ing wewengkon Tulungagung. Miturut angka taun kang kasil ditemokake kang ditemokake para ahli, candhi penampihan kang dumunung ing desa Geger, kecamatan Sendang, Tulungagung iki rampung dibangun ing taun 820 Saka utawa 898 M.

Sajroning prasasti kang nyebutake kapan candhi iki kabangun, ana saperangan informasi kang nyebutake candhi iki kabangun ing jaman pamrentahane raja Balitung, saka Kerajaan Mataram Kuna. Senajan kabangun ing jaman Mataram Kuna, nanging panggunane candhi iki terus lumaku nganti kerajaan-kerajaan sabanjure, mligine kerajaan kang nate madeg ing Jawa Timur. Kayata kerajaan Singasari, Kediri, lan Majapahit. Ana panduga ing jaman Majapahit candhi iki ngalami pemugaran. Panduga iki nitik saka prasasti kang uga nate ditemokake ing candhi iki kang nuduhake angka taun 1206 Saka utawa 1284 M.

Saka angka taun ing prasasti kang kasil ditemokake iku nuduhake yen candhi iki mujudake salah siji candhi paling penting ing Jawa Timur. Babagan iki bisa dibuktekake kanthi panggunane candhi kang lumaku nganti atusan taun lan sing nggunakake candhi iki kerajaan kang beda-beda. Ana alesan khusus kena ngapa candhi iki dadi candhi paling wigati ing jamane.

Sepisan candhi iki kabangun ing gunung wilis, kang mujudake salah siji gunung kang dianggep paling suci ing tanah Jawa tumraping pangrasuk agama Hindu ing jaman kuna. Candhi Penampihan dhewe kabangun ora mung kanggo papan pamujan wae. Anane relief Sadewa kang nate ditemokake ing candhi penampihan mujudake bukti yen ing jaman biyene candhi iki nate digunakake papan pangruwatan.

Kapindho saka prasasti kang nate ditemokake ing candhi penampihan kang nyebutake yen ing jaman biyene ora adoh saka candhi iki nate ana mandala (papan pamulangan) kanggo catur kasta



Teras utama ing Candhi Penampihan

sajroning agama hindu. Saka cathethan iki bisa diperkirakake candhi iki nate dadi pusat pamujan lan pamulangan tumraping para siswa kang ngupadi ngilmu ing mandala-mandala kuwi.

Anane bukti kang nyebutake candhi iki nate dadi pusat pamulangan kanggo patang kasta wiwit jaman Mataram Kuna klebu perangan kang unik. Amarga umume papan pamulangan ing jaman kuwi kabangun mung kanggo kasta tartamtu wae. Anane bukti sing kaya ngene iki saora-orane bisa nuwuhake panduga yen pihak kerajaan pengin ngecakake keadilan kanggo para rakyat tanpa nyawang saka kasta kang ngendi.

Kasta paling ngisor tumekane kasta paling dhuwur kabeh dipikantuki nimba ngelmu ing pusat mandala kang mapan ing sacedhake Candhi Penampihan. Mung wae, senajan padha-padha pikantuk sinau ing mandala kang nate mapan ing sacedhake Candhi Penampihan. Jinis piwulang kang disinaoni saben kasta beda-beda. Apa sing disinaoni para siswa kang nimba ngilmu iki manut siswa iku saka kasta sing ngendi.

Apa kang ditindakake dening pihak panguwasa kerajaan Mataram Kuna iki bisa dikandhake luwih maju saka jamane. Lan sing kaya ngene iki isih durung akeh diconto kerajaan-kerajaan

liyane kang sa-jaman karo kerajaan Mataram Kuna lan kerajaan sabanjure kang nate madeg sarta nguwasani tanah Jawa.

Aja kok kerajaan-kerajaan kuna kang sa-jaman karo jaman Mataram Kuna. Jaman Indonesia sing madege 1000 taun luwih saka sawise Mataram Kuna pralaya wae isih durung bisa nyonto kang nate ditindakake dinasti Mataram Kuna. Buktine, tekan saiki pendidikan isih dadi barang langka amarga isih akeh dhaerah-dhaerah kang mapan ing pedalaman lan adoh saka pusat pamrentahan kang kangelan kanggo golek papan pasinaon.

Saliyane angel golek papan pasinaon kang jangkep utawa papan pasinaon kang duwe kuwalitas apik kaya kang ana ing kutha-kutha gedhe. Papan pamulangan kang mapan ing dhaerah kapencil isih akeh kangkekurangan guru.

Kahanan kaya ngene iki beda adoh karo jaman Mataram Kuna. Ing jaman iki para panguwasa ora mung nggawe wewangunan monumental (wewangunan-wewangunan kang gedhe) kanggo nuduhake kejayaane, nanging para panguwasa padha nindakake pembangunan mental lumantar pendidikan ora dilalekake.

Pembangunan pusat-pusat pendidikan ora mung ditindakake ing dhaerah-dhaerah kang cedhak karo pusat pamrentahan wae. Jalaran dhaerah perbatasan bisa ngrasakake. Salah siji buktine ya candhi penampihan iki. Miturut, sawetara ahli diperkirakake Candhi Penampihan mujudake candhi paling wetan kang dibangun dening dinasti Mataram Kuna. Ana panduga dhaerah candhi penampihan iki mujudake dhaerah perbatasan paling wetan saka kerajaan Mataram Kuna.

Senajan manggon ing dhaerah perbatasan utawa dhaerah paling wetan saka wewengkon Mataram Kuna sing mesthine adoh saka pusat kerajaan, nanging candhi penampihan ora dibangun kanthi 'asal-asalan'. Candhi Penampihan kabangun kanthi petung kang mateng lan jangkep.

Sinebut jangkep jalaran ing jaman biyene Candhi Penampihan duwe maneka piguna kayata kanggo papan pamujan, pusat pamulangan, lan kanggo pangruwatan. Nitik saka kene cetha, yen candhi penampihan klebu istimewa. Jalaran ora akeh candhi sing duwe piguna jangkep kaya candhi penampihan.


Sawetara candhi ing Jawa kang digunakake kanggo pangruwatan yaiku candhi Suku lan Candhi

Cetha ing Karanganyar. Kabangune candhi Suku lan candhi cetha iki ana kemungkinan *terinspirasi* saka candhi penampihan. Jalaran duwe piguna kang padha sarta mapan ing gunung kang padha-padha dianggep sucine.

Ing perangan liya, ana panduga saliyan kanggo ngratakake pendidikan kanggo rakyat Mataram Kuna, pembangunan candhi penampihan iki dimaksudake kanggo nuduhake yen pamrentah pusat ora lali karo kahanan rakyat kang mapan ing dhaerah perbatasan. Saengga rakyat kang mapan ing dhaerah perbatasan ora meri lan rumangsa *dianaktirikan* ing babagan pendidikan karo pamrentah pusat.

Nuwuhake rasa adil tumraping rakyat ing babagan apa wae klebu babagan pendidikan dianggep penting karo panguwasa Mataram Kuna. Jalaran kanthi tuwuhe rasa kaya ngene iki ora mung nuwuhake rasa ayem kanggone, nanging bisa nyidhem lan ngilangi pepenginane rakyat kanggo mbalela marang pamrentah pusat.

Zuly Kristanto



Prasasti timulad ing Candhi Penampihan

Marskal Muda Udara, dr. Abdulrachman Saleh, Sp.F *Pahlawan Nasional, Perintis Radio Republik Indonesia*



Komodor Muda dr. Abdulrachman Saleh, Sp.F

Ing kitha Malang wonten Pangkalan Udara (Lanud) Abdulrachman Saleh, ingkang mapan wonten Kecamatan Pakis, 17 km sakwetanipun pusat kitha Malang. Lanud Abdulrachman Saleh menika bangunanipun Walandi warsa 1937--1940 kangge Lanud Angkatan udara Walandi. Suwau naminipun Lanud Bugis, nanging sesarengan kaliyan pengetan dinten Kamardikan Republik Indonesia kaping 7, tanggal 17 Agustus 1952 kanthi Katetepan Kepala Staf Angkatan Udara Republik Indonesia, No. 76/48/Pon 2/KLS/52 dipungantos dados Lanud Abdulrachman Saleh.

Sinten ta Abdulrachman Saleh punika?

Ing ngandhap punika kaaturaken sejarah saha perjuwanganipun

Panjenenganipun miyos ing Kampung Ketapang (Kwintang Kulon) Jakarta, kala semanten taksih nami Batavia, tanggal 1 Juli 1909. Putranipun dr. Mohamad Saleh, ingkang lajeng dedalem wonten Probolinggo, Jawi Wetan, sasampunipun pindhah pindhah dinesipun, wiwit Batavia, Boyolali, Kolonedale (Sulawesi Selatan), Bondowoso, Pasuruhan lan pungkasan wonten Probolinggo ngantos pensiun. Putranipun dr. Mohamad Saleh sedaya sewelas, kalebet Abdurachman Saleh.

Abdulrachman Saleh ingkang kulina kaundang Maman, ngrampungaken pasinaonipun

wonten Batavia saha Malang. Lulus saking HIS (Holland Indische School) nglajengaken dhateng MULO (Meer Urgebreid Lagere Onderwijs) lajeng mlebet (STOVIA (School Tot Opleiding van Indische Artsen) sekolah kedokteran, nanging mboten tamat amargi sekolah dipun tutup pamarentah Walandi. Amargi kangge sekolah kedokteran kedah lulus sekolah AMS (Algemene Middelbare School) rumiyin, Maman lajeng pindhah sekolah AMS ing Malang. Lulus saking AMS mlebet GHS (Geneeskundige Hoohe Scool) sekolah luhur babagan kesehatan (Sekolah Tinggi Bidang Kesehatan) ing Batavia. Ngantos lulus dokter, panjenanganipun lajeng nerusaken babagan Fisiologi utawi Faal ngantos nggayuh gelar Sp.F (Sarjana Spesialis Faal).

Lulus saking kedokteran, kaangkat dados dosen wonten NIAS (Nederlandsch Indische Artsen Scool) sekolah kedokteran ing Surabaya, lajeng dipun pindhah dhateng Jakarta dados dosen wonten Peguruan Tinggi Kedokteran Jakarta, kajawi dinas dokter.

Nalika dados mahasiswa, Maman aktif ndherek kegiatan organisasi kemahasiswaan ugi organisasi kepemudaan, ing antawisipun dados anggota Indonesia Muda, Jong Java (Pemuda Jawa) organisasi kepanduan (sekmenika Pramuka) INPO (Indonesische Padvinderij Organisatie).

Panjenenganipun natos dados Ketua INPO ing warsa 1952 INPO dipun gantos dados KBI (Kepanduan Bangsa Indonesia) nanging Abdulrachman Saleh mboten saged nyekseni. Nalika semanten kathah nami organisasi kepanduan, ingkang salajengipun kalebur dados setunggal nalika tanggl 14 Agustus 1961, kanthi nami Pramuka (Praja Muda Karana).

Nalika dados pimpinan INPO kanca-kancaipun anggota INPO menawi ngundang Abdulrachman Saleh kanthi sebatan Karbol, menika saking basa Landi aslinipun Krullebol, ning ilat Indonesia lajeng nggampilaken anggenipun nyebat, inggih menika Karbol. Ing lingkungan ketentaraan Karbol sami kaliyan Kadet, lajeng dados Taruna.

Maman ugi mlebet pakempalan Aeroclub Jakarta, inggih menika olah raga terbang ingkang anggotanipun tiyang-tiyang Walandi. Awit prabeya olah raga menika awis, kaum pri bumi kathah ingkang mboten kiyat mbayar. Ing airoclub menika Maman ngantos angsal brevet terbang.

Perintis adegipun RRI.

Abdulrachman Saleh kalebet salah setunggalipun perintis Radio Republik Indonesia (RRI). Kawiwitan nalika warsa 1934 ngedegaken VORO (Vereniging voor Oosterse Radio-Omroep) wonten Kramat 81 Jakarta, nalika semanten radio menika kangge siaran kesenian. Radio VORO ngumandhang ngantos warsa 1942, sesarengan Jepang nguwasani Indonesia saking penjajah Walandi.

Nalika jaman Jepang, sedaya radio dipun kuwaosi Jepang gantos nami Hosokanri Kiyoku (Pusat Jawatan Radio). Jaman Jepang sedaya radio mboten angsal nyiaraken pawartos saking njawi negari.

Sesarengan kaliyan adegipun PETA (Pembela Tanah Air) Abdulrachman Saleh ugi lajeng mlebet PETA.

Tanggal 17 Agustus 1945 kamardikan Republik Indonesia kabiwarakaken. Ing tanggal 18 Agustus 1945 Hosokanri Kiyoku dipun tutup. Abdulrachman Saleh sesarengan Yusuf Ronodipura tanggal 22 Agustus 1945 ngedegaken The Voice of Free Indonesia (Radio Suara Indonesia Merdeka), ingkang nalika tanggal 25 Agustus kangge nyiaraken pidhatonipun Presiden Soekarno ingkang sepisanan. Radio Suara Indonesia Merdeka siaranipun ngginaaken basa Indonesia kaliyan basa Inggris. Abdulrachman Saleh ugi ingkang nyiptakaken Tri Prasetya RRI, kanthi semboyan Sekali di Udara Tetap

di Udara

Isi Tri Prasetya RRI (Mboten kajarwaaken) *Jiwa kepribadian dan falsafah profesi, yang menjadi landasan perjuangan historis, yang memberi semangat dan motivasi bagi segenap angkasawan RRI dalam melaksanakan tugasnya.*

Nalika tanggal 5 Oktober 1945 madeg TRI (Tentara Republik Indonesia) ingkang mbawahi ugi Jawatan Penerbangan. Saking Jawatan Penerbangan nalika tanggal 9 April 1946 dipunrubah dados TRI AU (Tentara Republik Indonesia Angkatan Udara) pinangka Kepala Staf Komodor Udara S. Suryadarma. Kanthi pangalaman pinangka anggota PETA saha gadhah brivet penerbangan, Abdulrachman Salen mlebet wonten TRI AU. Dipun angkat dados Komandan Pangkalan Udara Maospati. Madiun, nanging manggen wonten Malang. Wonten Malang ngedegaken Sekolah Teknik Udara, lajeng wonten Madiun ngedegaken Sekolah Radio Udara.

Gugur ing Pesawat Dakota.

Nalika wulan Juli 1947 Abdulrachman Saleh kaliyan Adi Sutjipto angsal tugas pados obat dhateng India. Wangsulipun saking India angsal sambutan pesawat Dakota VT-CLA saking pengusaha ageng Pat Naik kangge ngangkut obat-obatan kangge PMI. Tanggal 29 Juli 1947 pesawat Dakota VT-CLA mabur saking Singapura tumuju Maguwo, Yogyakarta, dipun piloti Alkexasder Noel Constantine.

Nalika pesawat sampun dumugi langit Yogyakarta, badhe ndharat dumadakan saking eler wonten pesawat mustang kalih gadhahanipun Walandi langsung nembaki pesawat ingkang dipun titihi Abdulrachman Saleh sakanca.

Pesawat oling nabrak kajeng pecah dados kalih lajeng kobong. Penumpang ingkang wilujeng namung setunggal Gani Hendrotjokro ingkang kleresan manggen ing buntut pesawat. Penumpang sanesipun gugur, inggih menika pilot Alexander Noel Constantine, dr. Abdulrachman Saleh, Adisutjipto, Adisumarmo Wiryoekoemo, Zaenal Artifin, Roy Hazelhurst (Squadron Leader), Bida Ram (teknisi) saha Ny. Konstantine.

Pangaji-aji.

Kangge pepenget tumrap lelabetanipun dhateng negari dr. Abdulrachman Saleh, pinaringan pangaji aji ing antawisipun.

- Asmanipun dening AURI kangge nggantos

nami Pangkalan Udara Bugis ing Malang dados Pangkalan Udara Abdurachman Saleh. nalika tanggal 17 Agustus 1952

- Tanggal 5 Desember 1958 FKUI (Fakultas Kedokteran Universitas Indonesia) ngangkat dr.Abdurachman Saleh Sp.F dados Bapak Ilmu Faal Indonesia.
- Tanggal 16 April 1959 nampi Satya Lencana Bintang Garuda saking Presiden Soekarno.
- Tanggal 16 Februari 1961 nampi Bintang Maha Putra ugi saking Presiden Soekarno.
- Pungkasanipun nalika tanggal 9 Nopember 1974 dr.Abdulrachman Saleh Sp.F katetepaken pinangka Pahlawan Nasional dening Presiden Soeharto kanthi Serat Kekancangan Kepres.No. 071/TK/1974.

Tanggal 14 Juli 2000 jasadipun dr.Abdurachman Saleh kaliyan Adisutjipto makamipun dipunpindah dateng panggenan dhawahipun pesawat Dakota VT-CLA ing Kelurahan Tamanan, Kecamatan Banguntapan, Kabupaten Bantul kanthi dipun jangkepi bangunan Monumen Perjuangan TNI Angkatan Udara, ingkang megah. *(J.F.X. Hoery)*



Patunge Marsekal Muda Udara, dr.Abdulrachman Saleh ing ngarep Kampus Fakultas UI.



Monumen Perjuangan TNI Angkatan Udara ing Kelurahan Tamanan, Kec. Banguntapan, Kab. Bantul. (foto :ist)

SIMPOSIUM NASIONAL III PPBDI MAPAN ING BALI

Dening: Emi Sudarwati



*Peserta saking Yogyakarta, Jatim lan Jawa Barat
(Saking kiwa: Nugroho (Yogyakarta), Davit Harjana (Jatim), Windarti (Yogyakarta),
Emi Sudarwati (Jatim), Sunardi (Jatim) lan Darpan (Jabar)*

Jumat 17 ngantos Minggu 19 Pebruari 2023, *Perkumpulan Pendidik Bahasa Daerah Indonesia (PPBDI)* ngawontenaken *Pelatihan Bahasa Daerah lan Implementasi Kurikulum Merdeka* kanthi nami adicaranipun inggih menika *Simposium Nasional III* dhateng SMKN 1 Denpasar Bali. Jl. HOS Cokroaminoto Nomer 48 Denpasar Bali. Temanipun inggih menika *Eksistensi Pendidik Bahasa Daerah dalam Upaya Revitalisasi Pendidikan Bahasa Daerah*. Ing adicara kasebut kaundang 300 peserta ingkang ndherek *simposium* kanthi cara luring dhateng SMKN 1 Denpasar Bali lan 800 peserta daring ngginaaken aplikasi Zoom.

Kenging napa ngangkat tema kasebut? Amargi guru Basa Daerah ngadhepi perkawis ingkang awrat ing babagan *rekrutmen* guru. Antawisipun P3K lan CPNS. Boten wonten slot khusus kangge Basa Daerah nalikanipun rekrutmen P3K lan CPNS. Sanajan Guru Basa Daerah saged ndherek daptar kanthi mlebet slot Seni Budhaya. Ngaten menika saged ndandosaken kirang sekeca bilih wonten Guru Basa Daerah ingkang klebet, dene guru ingkang kang asli Seni Budhaya malah boten katut.

Mugi-mugi mawi adicara *simposium* menika, saged narik kawigatosanipun pemerintah daerah, propinsi lan pusat. Utaminipun wontenipun slot

khusus kangge lulusan utawi sarjana Basa Daerah. Boten dados setunggal kalihan slot Seni Budaya. Kanthi mekaten, Guru Basa Daerah saged mucal kanthi ayem tentrem. Kados ngendikanipun Mas Menteri Pendidikan Nadiem Makarim ngenani *Revitalisasi Pendidikan Bahasa Daerah* saged lumampah kanthi sae. Boten namung wacana kemawon ingkang dipunaturaken nalika adicara Pengetan Dinten Basa Ibu Internasional.

Wonten 20 peserta saking njaban Propinsi Bali ingkang rawuh. Sekawan peserta saking Jawa Timur, kalih peserta saking Yogyakarta, setunggal peserta saking Sulawesi Selatan, kalih peserta saking Lampung, pitung Peserta saking Jawa Barat lan sekawan peserta saking Banten. Dene lintunipun saking Propinsi Bali piyambak ingkang rawuh ing SMKN 1 Denpasar Bali menika.

Simposium ugi saged kangge nlesik kawontenanipun para guru anggenipun nggulawentah para siswa babagan Basa lan Budaya Dhaerah menika. Kalebet aksata ingkang sumebar ing dhaerah-dhaerah, minangka warisanipun para leluhur.

Dr. Ni Wayan Sariani minangka ketua panitia ngendikan bilih *Simposium* menika minangka upadaya nggandheng sedaya guru Basa Daerah sa-

Indonesia nyawiji pados kawigatosan saking pemerintah daerah, propinsi lan pusat. Kanthi mekaten Basa Daerah saged nggadahi slot piyambak, ingkang pisah kalihan slot Seni Budaya. Mila saged langkung gampil nalikanipun ngajokake sertifikasi utawi minggah pangkatipun.

I Gede Indra Dewa Putra (*Asisten Pemerintah dan Kesra Propinsi Bali*) ngendikan bilih pemerintah paring kawigatosan ingkang ageng dumateng PPBDI. Anggenipun ngupadaya ngawontenaken *Symposium* menika. Guru Basa Daerah dipun ajab tansah teguh lan semangat anggenipun nglestarekaken Basa, Budaya, Sastra lan Aksara warisan para leluhur. Supados boten ngantos kicalan warisan aji menika.

Sawetara ketua PPBDI Nasional Encep Ridwan, S.Pd., M.Pd ngaturaken bilih Bali dipun pilih dados panggenan simposium amargi gadhah peraturan gubernur kangge nguri-uri Basa, Aksara, Sastra lan Budaya Daerah Bali. Guru-guru Basa Bali ugi sanget semangat lan teguh anggenipun ngupadaya lestarinipun Pendidikan Basa, Budaya, Sastra lan Aksara Bali. Sedaya menika dipun dhukung dening Pergub lan Perdanipun. Bali ugi nepaki mangayubagya Bulan Basa Bali. Ketua PPBDI ugi paring panjurung supados guru-guru Basa Daerah Nusantara tansah semangat lan boten gampil cupet nalar anggenipun ngupadaya nglestarekaken Basa, Budaya, Sastra lan Aksaranipun piyambak-piyambak.

Symposium menika kawontenaken rutin saben taun. Inggang sepisan kawontenaken taun 2020 ing Jawa Barat. Dene *Symposium* ingkang kaping kalih kagelar wonten Propinsi Lampung, inggih menika nalika taun 2021. Tujuwanipun inggih menika ngrembag babagan pawartos ngenani Basa, Sastra, Budaya lan Aksara daerah ingkang tansah narik kawigatosan.

Adicara *Symposium* kawiwitan Dinten Jumat, 17 Pebruari 2023. Watara tabuh 08-00 ngantos tabuh 12.00 panitia ngawontenaken persiapan lan lintu-lintunipun. Kalajengaken registrasi peserta lan undangan. Adicara nembe kabukak nalikanipun tabuh 14.00 kanthi pambuka nyanyi lagu Indonesia Raya, Tari Kecak lan Wonderland Indonesia. Para rawuh rumaos sengsem mirsani tampilanipun para siswa kasebut.

Watara tabuh 14.25 ngantos 14.30 inggih palaporan saking Ketua PPBDI Wilayah Bali. Dr. Ni Wayan Sariani minangka ketua panitia ngendikan bilih *Symposium* menika salah setunggaling upadaya nggandheng sedaya guru Basa Daerah sa-Indonesia

nyawiji pados kawigatosan saking pemerintah daerah, propinsi lan pusat. Kanthi mekaten Basa Daerah saged nggadahi slot piyambak, ingkang pisah kalihan slot Seni Budaya. Mila saged langkung gampil nalikanipun ngajokake sertifikasi utawi minggah pangkatipun.

Adicara kalajengaken pambagyaharja saking ketua umum PPBDI Nasional. Encep Ridwan, S.Pd., M.Pd ngaturaken bilih Bali dipun pilih dados panggenan simposium amargi gadhah peraturan gubernur kangge nguri-uri Basa, Aksara, Sastra lan Budaya Daerah Bali. Guru-guru Basa Bali ugi sanget semangat lan teguh anggenipun ngupadaya lestarinipun Pendidikan Basa, Budaya, Sastra lan Aksara Bali. Sedaya menika dipun dhukung dening Pergub lan Perdanipun. Bali ugi nepaki mangayubagya Bulan Basa Bali. Ketua PPBDI ugi paring panjurung supados guru-guru Basa Daerah Nusantara tansah semangat lan boten gampil cupet nalar anggenipun ngupadaya nglestarekaken Basa, Budaya, Sastra lan Aksaranipun piyambak-piyambak.

Dene arahan saking Mendikbudristek lumantar *Aplikasi Zoom*. Mas Menteri Pendidikan Nadiem Makarim ngendikan ngenani *Revitalisasi Pendidikan Bahasa Daerah* saged lumampah kanthi sae. Mila kedah wonten pasinaon ngenani Basa, Sastra, Budaya lan Aksara Daerah.

Tabuh 15.25 wonten atur pambagya harja saking Asisten Gubernur Bali. Panjenengane ngendikan ngenani kabijakan Gubernur Bali kangge pasinaon Basa Daerah ingkang kedah dipun wucalaken ing sekolah-sekolah. Supados para mudha boten ngantos kicalan pawartos ngenani Basa, Sastra, Budaya lan Aksaranipun. Mula boten mokal bilih seratan-seratan Aksara Bali kathah sanget sumebar ing banner-banner wonten radosan lan kantor-kantor pemerintahan ugi sekolah-sekolah.

Adicara *simposium* menika ugi kasengkuying dening Balai Bahasa Bali, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Badan Pembinaan Ideologi Pancasila, Dirgen GTK Kemdikbud, Ketua DPR RI, Ketua MPR RI, lan para akademisi. Sedaya Ketua PPBDI saking dhaerah sanjawinipun Bali ugi ngaturaken *Best Practices* ngenani napakemawon ingkang sampun kalaksanan ing dhaerahipun piyambak-piyambak. Kanthi pangajab, mugi-mugi jumbuh kang ginayuh, sembada kang sinedya. Aamiin.

PAMAN JOGRO

Kacariosaken : St. Sri Emyani

Dalu menika malem Senin. Si Kuncung Santosa taksih mboten kendel-kendel anggenipun utheg kalih *gadget* utawa HPnipun kemawon. Kamangka, pamarentah inggih sampun ngumumaken, menawi pembelajaran sampun saget *normal*, mboten *daring* kados wekdal wonten ambah-ambah *covid 19* nika. Amergi, *pandhemi* sampun ginantos *endhemi*. Ananging, sedaya inggih dipun dhawuhi kalih pamarentah kapurih ngatos-atos. Supados, mboten ngantos kedugen wabah *corona* melih.

Eyang Uti, mirsani si Kuncung Santosa wayahnipun taksih njingglengi HP menika inggih radi kuwatos.

“Cung...Kuncung..!”

“Dalem Eyang Uti.”

“Wiwit sore mau kok terus nyekel HP apa ora sinau..?”

“Sampun sinau kagem dinten Senin mbenjing. PR saking bu guru Sekar Wulani inggih sampun kawula kerjakaken kok. Pramila menika kanton ningali carios-carios wanten Youtube.”

“Miturut kesehatan, ning mripat ora apik lho terus menthelengi HP kuwi Kuncung!”

“Menapa inggih ta Eyang Uti..?”

“Iya, kabar durung suwe sing ndak rangu. Putune mbah Karto Noyo, mripate wuta. Amerga, terus menthelengi layar HP.”

“Kok saget ngantos wuta lho Eyang Uti..?”

“Ngendikanipun dokter kang mriksa, mergane sinar saka HP iku bisa gawe rusake mripat. Yen nganti kesuwen uga bisa nyebabake wuta. Kaya si Kumantin putune mbah Karto Noyo iku mau lho Kuncung. Mulane, Eyang Uti ora nglarang Kuncung nggawe HP. Ananging, ya aja nganti kepilut utawa keyungyun HP. Eman-emanen kesehatane mripatmu. Njajal deloken ning HPmu, saiki wis jam pira..?”

“Jam wolu langkung tigang ndasa.”

“Tegese rak wis jam setengah sanga ta?”

“Inggih Eyang Uti”

“Terus sesuk kudu tangi jam papat telung puluh.”

“Setengah limo inggih Eyang Uti”

“Lha ya ta.”

“Mula saka kuwi. Hpne gek ndang ditutup kana. Siap-siap bobok ya Cung”

“Uti...”

“Apa Kuncung?”

“Saderengipun tilem kula dipun dongengi rumiyin inggih..?”

“Iya wis. Nanging tulung, Uti pundhutna banyu putih ana ing ndhuwur kulkas dhisik yen ngono.”

“Inggih Uti. Mantun ngoten dipun dongengi inggih..?”

Wanita sepuh kanthi rikma pethak memplak menika manthuk sarujuk. Kuncung Santosa lajeng nutup HPnipun, dipun sukakaken wonten nginggilipun lemantun. Mboten dangu lare menika mbeta toya pethak wonten ing gelas ingkang sampun kasedhiyakaken kalih Eyang Utinipun wonten nginggil kolkas. Sejatosisipun Eyangipun mendhet kiyambak toyo menika inggih saged. Ananging, sedyanipun wanita sepuh menika damel nguji ingkang wayah. Sinambi nglatih budi pekerti dalah anggah-ungguh ugi sopan santun dhumateng wayahipun. Alhamdulillah, si Kuncung inggih mboten suwala dipun utus Eyang Utinipun mendhetaken toya pethak.

“Mangga Ti...”

“Suwun Kuncung”

“Menawi, rumiyin kawula dipun dongengi Eyang Uti bab Putri Ngerit. Samenika kula badhe dipun dongeni menapa kalih Eyang Uti..?”

“Arep tak dongengi Paman Jogro.”

“Asiiiiikkkk..! Mangga Uti..” Si Kuncung kados sampun mboten sranta melih, kepingin mangertosi dedongenganipun paman Jogro.

“Slimutmu ana ing cantholan *hangeran* iku jupuken dhisik, gawe kemulan pisan. Wong biasane, sabubare tak dongengi, bablas senggar-senggur bobok ngono kok.”

“Inggihi Uti.” Si Kuncung wangsul, mak nyet. Ngadeg melih, lajeng mendhet slimut wonten sebelah kamaripun. Wangsul mendhet slimut werni pethak, lare menika lajeng slimutan kalih ngekep guling.

Kala jaman rumiyin, wonten tiyang jaler ingkang gadhah dedeg piyadeg pidhegsa, kiyat dalah santosa ugi sregep makarya. Priya menika winastan Paman Jogro. Saben ndinten Paman Jogro pandamelanipun inggih menika pados sela wonten lepen. Sela-sela menika lajeng dipun klempakaken. menawi sampun nglempak dipun sade damel *material* bangunan. Lha menawi selanipun ageng, Paman Jogro mbeta palu, sela menika dipun sigar sacekapipun supados saget damel bahan bangunan. Angsalipun makarya paman Jogro ngantos tumetes riwenipun.

Senajan pakaryanipun awrat, Paman Jogro mboten supe prihatos, kanthi nglampahi siam wekdal dinten Senin dalah Kemis.

Wekdal, dinten *hanggara kasih*, watawis jam setunggal siang, Paman Jogro ngudarasa. Utawi guneman kiyambak wonten ing madyaning manah.

“Hoallah Gusti, kados kawula menika gesang kok sengsara. Mboten kados tiyang ingkang gadhah, mubra-mubru brana, semanten kados sang raja. Kejawi kathah bandha donyanipun ugi gadhah panguwasa dalah sinuyudan para kawula. Mboten kados kawula niki. Pakaryan awrat dalah sara, malah kathah tiyang ingkang ngasoraken. Menapa menika pancen sampun dados nasib kawula ingkang sinandhang ta Gusti..???”

Mboten kinten-kinten, sasampunipun ngudarasa menika kados wonten suwanten dumeling

kapireng wonten talanganipun Paman Jogro.

“Jogro, panyuwunmu bakal ndak kabulake kaping lima.” Jogro kaget kados mboten percados kalih suwanten wonten talanganipun menika. Salajengipun Paman Jogro nyet ngadheg, kalih ndhagak nyawang langit sarwi micanten sora.

“Gusti. kawula nyuwun dados raja..!” Suwantipun Paman Jogro ingkang sora menika kados-kados nyilung, ngantos dumugi langit. Jleg. Kados mboten pinanggih wonten ing nalar. Wekdal menika, pamundhutipun Paman Jogro kinabulan. Priya pidegsa menika dados raja, jangkep kaliyan kreta kencana. Wonten sampingipun Paman Jogro, inggih sampun sumadiya permaesuri ingkang tuhu sulistiya ing warna, kados widodari ingkang mandhap saking kahyangan.

Wiwitanipun Paman Jogro inggih mboten percados. Gek inggih, menapa inggih. Makaten batosipun, tidha-tidha. Sepindhah nyobi njiwit pupunipun kiyambak. Lha kok kraos sakit. Ateges. menika saestu. Salajengipun nyobi dhateng nginggil toya lepen ingkang bening nyarong. Ngaca. Pranyata leres dados raja. Jangkep, mahkota raja ngrenani mustakanipun. Semanten ugi, kreta kencana ugi sampun sumadiya kanthi kudha cacah sanga dalah kusiripun krita sampun samekta.

Paman Jogro sigra nitih kreta kencana ingkang dipun tarik kudha sanga menika. Paman Jogro manthuk-manthuk karenan. Kusir didhawuhi mlampah-mlampah, ngenggar-enggaraken manah. Para kawula sami mangayubya. Paman Jogro bahagiya ngraosaken dados raja. Panyuwun dhumateng Gusti saget kasembadan.

Mboten rinaos angsalipun mlampah-mlapah ngantos tebih. Wekdal menika ngepas mangsa ketiga. Benteripun sang surya kados-kados saget ngobong bumi. Sang kusir kreta raja kadhawuhan mandheg. Sang kusir manut mituhu kalih dhawhipun sang raja. Kreta kencana mandheg jegreg, mboten mlampah. Paman Jogro mandhap saking kreta kencana. Kalih mirsani sang bagaskara benter, paman Jogro ingkang sampun dados raja menika wongsul nedhi panyuwunan ingkang kaping kalihpun.

“Gusti, dados raja, pranyata taksih kalah perbawa kalih sang Surya. Pramila menika, kawula nyuwun dipun dadosaken sang surya. Suwantenipun Paman Jogro ingkang sora menika, wangsul ngantos nyelung dumugi langit. Mak lap, kreta kencana, permaesuri, kudha dalah kusiripun menika ical, musna. Pamundhutipun Paman Jogro ingkang kaping kalih ugi kasembadan. Paman Jogro saget dados sang surya utawa srengenge.

Amergi benter sanget, dangu-dangu saking nginggilipun samodra mendhung nggentayung. Dangu-dangu saking saringan langit, jawah kados dipun sokaen.

Amergi Paman Jogro kekiyatanipun rumaos taksih kawon kalih jawah. Paman Jogro, nggadha panyuwunan melih ingkang ketiga. Inggih menika nyuwun dados jawah.

“Wadhuh Gusti, kawula dados raja, kawon kalih sang Surya, dados sang Surya taksih kawon kalih jawah. Pramila panyuwun kawula ingkang angka tiga, ingih menika kawula nyuwun dados jawah” Wangsul panyuwunipun Paman Jogro kinabulaken. Samenika Jogro dados jawah. Ngantos wonten pundi-pundi banjir bandhang. Paman Jogro mesem. Marem. Kados-kadosipun wonten ing lumahipun bumi menika mboten wonten ingkang kumawantun ngawonaken. Amergi, jawah deres sanget. Banjir bandhang, kathah ingkang kitir katut banjir ilinipun banjir bandhang. Ningali ngandhap wonten sela ingkang agenipun sakebo dhekem, mboten obah, mboten mosik saking santering toya banjir bandhang. Paman Jogro kalih astanipun malang kerik, nyenyuwun melih ingkang kapin sekawan

“Gusti, kawula dados Raja, kawon kalih benteripun sang Surya. Dados sang Surya kawon kalih jawah, ngantos banjir bandhang. Kawula dados Jawah, taksih kawon kalih kekiyatanipun sela sakebo ndhekem. Pramila panyuwun kawula ingkang angka sekawan menika, kawula nyuwun dipun dadosaken sela ageng sakebo ndhekem”. Mboten dangu, mak jleg. Paman Jogro dados sela njenggeleg, agengipun sakebo ndhekem. Kados-kados mboten wonten ingkang saget ngawonaken. Bentering sang surya mboten saget ngobong, semanten uga wekdal jawah

lajeng ngantos banjir bandhang, inggih mboten kuwagang nggeret utawi nggolingaken sela sakebo ndhekem menika.

Sanginggilipun langit wonten langit. Artosipun, wonten alam ndonya menika, mboten wonten ingkang degdaya dalah sakti, kejawi namung sawiji inggih menika kekiyatanipun Gusti. Semanten ugi, enjing menika wonten tiyang ndesa mbeta palu. Sekedhik-sekedhik, sela sakebo ndhekem niku dipun paloni. Wusananipun, sela sakebo ndhekem menika ugi kikrip empal, kawon kalih palu.

Wekdal madya Ratri. Malem *Sukra Manis*, Paman Jogro ingkang dados sela, sambat sakit ngaru ara. Salajenipun, wangsul nyenyuwun kalih Gusti ingkang Akarya Gesang.

“Gusti, Panjenengan wangsulaken kawula dados Jogro kados rumiyin. Kawula badhe nrimah, menapa wontenipun ke mawon”. Panyuwun ingkang pungkasan, inggih menika ingkang kaping gangsal.. Alhamdulillah, taksih kinabulaken.

Mak lap. Sela gilang sakebo ndhekem menika ical. Gantos dados Paman Jogro malih, ingkang pakaryanipun namung pados sela wonten lepen.

“Bobok Kuncung?”

“Dereng ananging inggih sampun liyep-liyep Eyang Uti.”

“Saka dedongengan Paman Jogro iku, apa pelajaran sing bisa kok pethik putuku Kuncung.

“Kita kedah mensyukuri menopo anugerahipun Gusti Uti”

“Iya. Pancen pinter tenan putuku.” Wanita sepuh rikma pethak menika ngelus rikmanipun kang wayah. Mboten dangu ngoten, mak les si Kuncung tilem.

Sawangsulipun saking kamaripun si Kuncung, wanita sepuh menika tindak pancuran jedhing. Sesuci, lajeng nggelar sajadah. Simpuh kalih Gusti ingkang kagungan wesenang, ndamel .cemeng dalah pethakipun kahanan.

Nu wun.

“Gusti, dados raja, pranyata taksih kalah perbawa kalih sang Surya. Pramila menika, kawula nyuwun dipun dadosaken sang surya. Suwantenipun Paman Jogro ingkang sora menika, wangsul ngantos nyelung dumugi langit. Mak lap, kreta kencana, permaesuri, kudha dalah kusiripun menika ical, musna. Pamundhutipun Paman Jogro ingkang kaping kalih ugi kasembadan. Paman Jogro saget dados sang surya utawa srengenge.

Amergi benter sanget, dangu-dangu saking nginggilipun samodra mendhung nggentayung. Dangu-dangu saking saringan langit, jawah kados dipun sokaen.

Amergi Paman Jogro kekiyatanipun rumaos taksih kawon kalih jawah. Paman Jogro, nggadahi panyuwunan melih ingkang ketiga. Inggih menika nyuwun dados jawah.

“Wadhuh Gusti, kawula dados raja, kawon kalih sang Surya, dados sang Surya taksih kawon kalih jawah. Pramila panyuwun kawula ingkang angka tiga, ingih menika kawula nyuwun dados jawah” Wangsul panyuwunipun Paman Jogro kinabulaken. Samenika Jogro dados jawah. Ngantos wonten pundi-pundi banjir bandhang. Paman Jogro mesem. Marem. Kados-kadosipun wonten ing lumahipun bumi menika mboten wonten ingkang kumawantun ngawonaken. Amergi, jawah deres sanget. Banjir bandhang, kathah ingkang kitir katut banjir ilinipun banjir bandhang. Ningali ngandhap wonten sela ingkang agenipun sakebo dhekem, mboten obah, mboten mosik saking santering toya banjir bandhang. Paman Jogro kalih astanipun malang kerik, nyenyuwun melih ingkang kapin sekawan

“Gusti, kawula dados Raja, kawon kalih benteripun sang Surya. Dados sang Surya kawon kalih jawah, ngantos banjir bandhang. Kawula dados Jawah, taksih kawon kalih kekiyatanipun sela sakebo ndhekem. Pramila panyuwun kawula ingkang angka sekawan menika, kawula nyuwun dipun dadosaken sela ageng sakebo ndhekem”. Mboten dangu, mak jleg. Paman Jogro dados sela njenggeleg, agengipun sakebo ndhekem. Kados-kados mboten wonten ingkang saget ngawonaken. Bentering sang surya mboten saget ngobong, semanten uga wekdal jawah

lajeng ngantos banjir bandhang, inggih mboten kuwagang nggeret utawi nggolingaken sela sakebo ndhekem menika.

Sanginggilipun langit wonten langit. Artosipun, wonten alam ndonya menika, mboten wonten ingkang degdaya dalah sakti, kejawi namung sawiji inggih menika kekiyatanipun Gusti. Semanten ugi, enjing menika wonten tiyang ndesa mbeta palu. Sekedhik-sekedhik, sela sakebo ndhekem niku dipun paloni. Wusananipun, sela sakebo ndhekem menika ugi kikrip empal, kawon kalih palu.

Wekdal madya Ratri. Malem *Sukra Manis*, Paman Jogro ingkang dados sela, sambat sakit ngaru ara. Salajenipun, wangsul nyenyuwun kalih Gusti ingkang Akarya Gesang.

“Gusti, Panjenengan wangsulaken kawula dados Jogro kados rumiyin. Kawula badhe nrimah, menapa wontenipun ke mawon”. Panyuwun ingkang pungkasan, inggih menika ingkang kaping gangsal.. Alhamdulillah, taksih kinabulaken.

Mak lap. Sela gilang sakebo ndhekem menika ical. Gantos dados Paman Jogro malih, ingkang pakaryanipun namung pados sela wonten lepen.

“Bobok Kuncung?”

“Dereng ananging inggih sampun liyep-liyep Eyang Uti.”

“Saka dedongengan Paman Jogro iku, apa pelajaran sing bisa kok pethik putuku Kuncung.

“Kita kedah mensyukuri menopo anugerahipun Gusti Uti”

“Iya. Pancen pinter tenan putuku.” Wanita sepuh rikma pethak menika ngelus rikmanipun kang wayah. Mboten dangu ngoten, mak les si Kuncung tilem.

Sawangsulipun saking kamaripun si Kuncung, wanita sepuh menika tindak pancuran jedhing. Sesuci, lajeng nggelar sajadah. Simpuh kalih Gusti ingkang kagungan wesenang, ndamel .cemeng dalah pethakipun kahanan.

Nu wun.

PAHARGYAN MIRUNGGAN

Dening : Nono Warnono

Tendha kangge resepsi pernikahan sampun ngadeg ngajeng griya. Rantaman janur kuning ponang kembar mayang gumantung melengkung wonten ing radosan mlebet lokasi. Pratandha sasmita adicara hajatan pawiwahan nedya enggal ginelar. Pathing sliwer kendaraan angkutan peralatan rias, sketsel kwade, meja kursi, piranti catering engga *sound sistem* dumugi kanthi wektu iring-iringan.

Kaji Abdullah, tuan rumah ingkang hamengku gati ngraos mboten jenak salebetipun penggalih saderengipun sedaya persiapan kasiyakakaken kanthi jangkep. Mesthekaken samudaya sarana ingkang kabetahaken menggahipun gelaran hajatan spektakuler mboten ngantos wonten ingkang luput saking petungngengrengan.

Menggahipun Kaji Abdullah perhelatan adicara pahargyan ningkahan ingkang badhe lumampah kedah rinancang saha kalampahan jumbuh kaliyan rantaman utawi *rundown* adicara. Ndumuk agenda sarta *timeline* ingkang sampun disarujuki dening panitia miwah kulawarga panganten kekalih. Setunggaling hajatan ingkang mboten ngemungaken manunggaling katresnan putra ontang anting aran, Nur Aini. Ananging setunggaling hajatan, ingkang ugi

nemtokaken gegayuhan sedaya kulawarga. Kepara ndayani gegayutan kambi tuwuh ngrembakanipun popularitas sumawana aruming asma kulawarga.

"Mas Rudi, kadosipun umbul-umbul rontek ngajeng tasih kirang kathah gunggungipun." pemitipun Kaji Abdullah dhumateng *owner Wedding Organizer Pasopati* ingkang pinitados laku gangsaripun pawiwahan.

"O inggih, Pak. Sampun kula sedyakaken sesarengan dumuginipun panggung kwade saking juru paces." tumandukipun Rudi sumawana tim sinambi observasi lokasi kanthi detail.

"Kangge walimahan mangke dalu dipunupayakaken gunggungipun kursi langkung kathah nggih? Mpun ngantos kirang. Padatan wonten tamu ingkang rawuh awal mboten netepi wekdal ingkang tinulis salebetipun serat sedahan," Kaji Abdullah mesthekaken kesiapan kanthi saestu.

"Inggih, Pak. Sampun kula konfirmasi kaliyan pihak persewaan. Saking kanca-kanca tim ugi sampun mranata jumbuh kaliyan asil keputusan rapat panitia.

Nadyan dalu menika nembe winates adicara walimahan kenduri ingkang

dirawuhi tangga tepalih miwah gotrah kulawarga, kesiapan kangge adicara ijab kobul saha resepsi mbenjing ugi sampun ngancik seket persen langkung. Atusan kursi werna ijem sampun tinata ngadhep panggung sketsel kwade penganten ingkang ndungkap rampung. Disetting slaras *layout* ingkang endah artistik. Sampun tamtu, jer anggaran ingkang sumadya sekawit perencanaan, dheng lumampahing pawiwahan, engga pascapahargyan betah *budget* ngancik angka setengah milyar.

Lokasi lingkungan hajatan kawuryan asri. Ndadosaken swasana hajatan adamel sengsem sok sinten kemawon ingkang mirsani. Griya miwah plataran pemangku hajatan kepetung jembar ngadhep radosan. Ing sebrang wonten lapangan ingkang ugi jembar saha edhum sinawang. Sahingga penataan pahargyan saget omber tebanipun. Jejer-jejer ucapan pangayubagya pernikahan saking maneka kolega konglomerat engga politikus mimbuhi swasana berkelas miwah spektakuler.

Nuansa werna ijem sinawang sanget mendominasi. Tendha saha kursi ijem kanthi gelaran karpet warna sami dados perpaduan ingkang serasi miwah endah. Bab pilihan werna ingkang dipunkersakaken pemangku hajatan estu mengku pralampita

mirunggan. Ngandhut suraos ingkang ngemu makna sinandhi kadidene piwulang pepeling penganten sarimbit. Ugi winawas saking perspektif politis.

Senadyan rancagipun adicara sampun slaras kaliyan rencana sekawit, ananging manahipun Kaji Abdullah taksih ketar-ketir sesambetan acara ijab kobul. Karana proses tumuju adicara kalawau kathah pambengan saderengipun. Nur Aini kadidene putra ontang anting rumaos rangu-rangu nglampahi perjodhohan ingkang dipunkersakaken Kaji Abdullah. Makaten ugi Hajah Maesaroh sisihanipun, kirang sreg menggah rencana pernikahan ingkang sampun rinancang. Jer proses pernikahan kasebut ngganda raos politik.

“Bah, menapa sedaya menika sampun panjenengan penggalih kanthi tetimbangan ingkang saestu. Mpun ngantos keduwung mbenjangipun!” panduwa ingkang garwa wekdal rumiyin arikala Kaji Abdullah mratelakaken seja.

“Aku wis mantep, Bu. Maneka tetimbangan wus dak gelar lan ndak gulung. Ngendi untung lan rugine. Pancen ora ana kang sempurna ing ndalem urip lan panguripan iki,” wangsulanipun Kaji Abdullah sinambi dolanan keluk udud ambal-ambalan.

“Nanging Nur Aini kadosipun kirang ikhlas nglampahi perjodhohan menika. Sanadyan saget anampi, panggah ketinggal wonten raos ingkang ngganjel manah. Rumaos anggenipun palakrami karana

kapeksa saha kirang mardhika!” ujaripun Hajah Maesaroh kanthi pasuryan suntrut sumawana penggalih ingkang kirang lebar.

“Aja digedhek-gedhekake, Bu. Sairing lumakune wektu, rasa sanggarungi mau bakal sirna sithik mbaka sithik. Tamatna kahanan ing sakupeng kita kae. Akeh perjodhohan kang ujure linambaran katresnan wiwit sekawit. Nanging pungkasané uga bubrah. Ora sethithik perjodhohan kang tinata dening wong tuwa ing tembe bisa bagya mulya tanpa pambengan sawiji apa.” kojahipun Kaji Abdullah kados kyai ceramah.

“Nanging pernikahan niki mboten murni perjodhohan. kawistinggal ngemu ambisi. Nur Aini ingkang nglampahi mangertos ancas panjenengan. Saengga rumaos dados korban saha tumbal ambisi politik tiyang sepuhipun,” panyaruwe Hajah Maesaroh pedhes.

“Wis-wis, Bu. Aja ngububi perkara iki. Apa kang dak rancang iki ora mung kanggo aku pribadhi. Nanging kanggo bagya mulyane kulawarga ing tembe mburi,” tembungipun Kaji Abdullah mungkasi.

Padudon kalih sasi kepungkur menika nilar raos ingkang ngreridhu penggalhipun Kaji Abdullah. Wonten sajuga kalodhangan kasunyatan kasebut kuwawi ngganggu pikiran. Asring kumliwer salebetipun pangangen. Garwa putra ingkang sanget dipuntresnani kraos mboten nyengkuyung punapa ingkang dados karsa-karsanipun.

S a p u n g k u r i p u n walimahan, Kaji Abdullah asring lenggah piyambakan kanthi pengangen nglangut. Dhadhanipun kebak panggresah. Sumliwer malih wewayangan sisihanipun, Hajah Maesaroh saha geganthilaning manah ingkang putra Nur Aini. Ing sasi-sasi saderengipun. Kasunyatan ingkang sejatosipun werit dipunendhani krana calon besan jejer pangarsa partai asma Syaiful Yasin. Parandene Kaji Abdullah minangka pengurus partai kasebut. Kepara ingkang kawogan nate macung kontestasi rebut kursi anggota dewan, senadyan gagal ngrengkuh kursi ing dapil papanipun Kaji Abdulah.

Kemrungsungipun manah kasebut pranyata mboten adamel nglokro ancas nikahaken palakrami ingkang putra putrinipun. Jer ada-ada pernikahan wau sampun rinanancang dangu saha mboten namung murni niat perjodhohan. Wonten tujuan ingkang langkung strategis mathis katandhing sekadar momen pernikahan kalawau.

Katitik maneka tahapan adicara sampun lumampah kanthi gangsar lancar. Selajengipun acara ijab kobul dipunpapanaken wonten ing masjid Al-Makruf sacaketipun griya. Kleresan Kaji Abdullah nglenggahi pangarsa takmir. Adicara kalawau sineksenan keluarga sumawana kanca rowang ingkang mijil saking maneka tataran.

Panganten putri, Nur Aini ngagem busana muslimah warna ijo tuwa. Kanthi jilbab tinutup

kerudhung mawa ules sawarna. Semanten ugi Akhmat Khoeri, panganten kakung. Ngagem jas kanthi songkok ingkang senada warninipun kelawan busana panganten putri.

Khutbah nikah kawaos dening salah setunggalipun pengurus partai. Sumawana prosesi ijab kobul katindakaken dening kiai sepuh panyengkuyung partai hijau. Naib saking KUA ingkang rawuh sadarma nindakaken pencatatan pernikahan sacara formalitas.

Purna waosan sighat taklik, kalajengaken penyerahan mahar dening pangantin kakung dhumateng panganten putri. Mahar arta dipunbingkai kothak ijo tuwa kanthi gunggung slaras kaliyan tanggal, wulan saha warsa prosesi ijab kobul. Plus kalpika rukmi. Cincin emas ingkang dipunbungkus wangun kotak alit rinengga bludru warna hijau tua.

Nur Aini kawuryan mesem bagya mulya. Mboten kawistingal bilih manahipun nembe nandhang roga. Mbokbilih karana adicara mirunggan, sineksenan dening pirawuh maneka kalangan. Diliput maneka media mainstream miwah sosial media. Piyambakipun janji salebeting manah, mboten badhe adamel lingsem tiyang sepuh kekalih sumawana kulawarga ageng. Kaji Abdullah sumawana ingkang garwa saha gotrah kulawarga besan kaji Syaiful Yasin ketingal sanget gumbira.

Semanten ugi perhelatan resepsi ingkang diadani salajengipun samudaya lumampah rancag. Rinaos spektakuler, paling mnoten

kangge ukuran perhelatan wonten ing kutha alit. Para tamu rawuh anglur selurasung pambagyaharja. Ucapan selamat saha bahagia. Slaras kaliyan wekdal ingkang katemtokaken salebeting serat sedahan. Panggung kwade ingkang mewah kawistingal meriah. Sami ajejawat asta kanthi esem ngujiwat. Panganten sarimbit kakanthi busana hijau tua, para panitia terima tamu engga musisi miwah penyanyi sedaya kanthi ageman busana warna senada. Ndadosaken nuansa werna ijem ngrenggani kaendahan saha kemegahan adicara.

Sedaya kalawau mboten nama aceng, jer menggahipun politikus momentum punapa kemawon kuwawi dados srana kampanye kangge nuduhaken eksistensi jati dhiri saha kiprah partai. Leregipun amrih kuwawi ndhulang swara elektoral wonten ing maneka kontestasi. Wiwit saking momentum winates kadosdene macung pilkades, pilkada, engga pilpres.

Langkung-langkung ingkang nembe ketungkul ngawontenaken perhelatan pernikahan menika sosok kekalih figur politikus salebetipun partai ingkang sami. Jajaran pengurus teras partai ingkang kagungan kursi paling onjo salebetipun legislatif.

Menggahipun Kaji Abdullah ingkang nate gagal nglenggahi kursi dewan, besanan pernikahan putra-putrinipun menika kadidene mahar ngadhepi kontestasi pilkades. Pangajabipun, ingkang besan kadidene pangarsa partai kersa

nyengkuyung sejanipun. Kanthi pengaruh ingkang mahanani tokoh-tokoh ing tataran desa, selajengipun ugi gelontoran dana kangge mesin pemenangan.

Senadyan saperangan masyarakat nggunem miring karana Kaji Abdullah nate gagal dados anggota dewan, dhestun malah mudhun kelas kanthi punagi dados kepala desa. Parandene menggahipun Kaji Abdullah sedaya mau datan dipunpenggalih serius. Jer dados kades ing setunggaling desa maju, kanthi geografis bawera sarta demografi penduduk gunggung ageng, disengguh mboten tindak ingkang ina. Langkung-langkung pilihan mirunggan menika namung kadidene batu loncatan. Nyuprih salajengipun dados modal elektabilitas sagetipun runing kontestasi wonten tataran legislatif.

Kanthi linandhesan sukses pernikahan putra putri semata wayang, Kaji Abdullah datan kendhat ngetingalaken raos bombong. Wonten euforia ingkang rinaos kliwat wates, saengga katalompen siap-siap ngadhepi kontestasi pilkades.

Ing wektu ingkang sami, para kompetitor kontestasi sampun sawega dhiri kanthi wewengan ingkang optimal. Ing perangan sanes wonten calon, ingkang kanthi sesidheman ngecakaken strategi blusukan ingkang sanget efektif. Parandene Kaji Abdullah namung ngendelaken intervensi pengurus partai. Kesuksesan perhelatan pernikahan putranipun sampun sinengguh kadidene kampanye mirunggan ngadhepi kontestasi.

Kanthi pangajab wontenipun serangan fajar ingkang sampun kasiyagakaken.

"Bu, pelaksanaan pilkades kari ana wektu telung ndina. Kita sakeluarga kudu serius ngadhepi dina pemilihan. Aku sing ngopeni pengurus partai, bisane nyengkuyung kanthi tumemen," ujaripun Kaji Abdullah wanti-wanti.

"Kedahipun mboten namung ngendelaken partai, Bah. Limrahipun tiyang sugih saha kagungan pengaruh menika suthik terjun blusukan," Hajah Maesaroh kanthi praupan suntrut.

"Aja ngono, Bu. Yen ngendikan ngono mau kepireng mantu lan nyebar ing tengah masyarakat bakal mbebayani," Kaji Abdullah sumelang.

"Kasunyatanipun rak nggih mekaten ta, Bah?! Sadangunipun menika ingkang kita agul-agulaken namung para botoh pendukung wonten ing lapangan. Sawetawis calon sanes ajeg blusukan langsung nyaketi pemilih," tumandukipun Hajah Maesaroh kakanthi manah ngendhelong..

"Yen ngono, mantu kita dijurung kareben melu terjun langsung nyedhaki para pemudha desa," printahipun mawi manah kebak panggresah.

"Mantu kita nembe sedhih, Bah! Jalaran Nur Aini sampun kalih dinten menika nilar griya tanpa pamit kakungipun,"

Kaji Abdullah kaget. Kadya sinamber nggelap. Praupanipun sanalika owah pucet. Riwe anyep gobyos wonten ing

sapandurat. Badanipun owel gemeter.

"Bu, aja nganti minggate Nur Aini krungu para pemilih satengahing masyarakat. Bakal dadi bumerang. Pihak lawan antuk senjata kanggo nyerang awake dhewe," pamintanipun Kaji Abdullan dhumateng sisihanipun. Ingkang dipunsemantani klepat ninggal papan.

Selajengipun Kaji Abdullah lenggah kursi kanthi angga tanpa daya. Kados linolosan bebayunipun. Tumunten mboten kongang milah-milih pikiran jernih. Mboten namung menggali dinten coblosan, ananging ugi mikir bab minggatipun ingkang putra.

Minggatipun Nur Aini pepuntanipun kepireng masyarakat pemilih. Dados topik ingkang heboh ndungkap dinten coblosan pilkades. Tartamtu mahanani kirangipun kapitayan warga. ingkang tumlonjongipun nyuda etangan elektoral.

Dinten H pelaksanaan pilkades sampun tumapak. Fajar semburat wonten bang wetan. Swasana desa sepi tintrim kebak kewaspadan. Mirungganipun tim pendukung lawan ingkang super ketat. Sedaya ingkang disujanani wontenipun politik uang, ditutup saha dijaga kanthi waspada.

Tim serangan fajar Kaji Abdullah gagal dundum arta, karana mboten wonten kalodhangan. Amplopan arta ingkang rinegem para botoh, tundhonipun disaki piyambak dening tim sukses.

Siang wekdal petungan swara pemilih ing balai desa regeng sanget. Wonten kalanipun sepen tintrim jalaran sami dheg-dhegan nahan ambegan. Tumunten ndadak wonten swara gemuruh para pendukung sebab salah setunggal calon unggul swara nyalip calon lintunipun. Terus genti-genten nyalip kakanthi keunggulan tipis. Sahingga ndadosaken saperangan pendukung bengkerengan perkara swara abstain saha swara ingkang mboten sah.

Kaji Abdullah ketingal aclum pasuryanipun. Badan lemes ing nginggil panggng papan lenggah. Ndungkap etungan kothak swara pungkasan rampung. Kanthi posisi paling buncit. Sawetawis calon lintunipun uber-ubern angka ngantos detik pungkasan.

Rekapitulasi angka saben-saben calon sampun tuntas kawilang. Kaji Abdullah kawon kanthi kartu swara sanget minim gunggungipun. Sorak pendukung pemenang ambata rubuh semburat kebak euforia.

Kaji Abdullah kanthi gambar jagung, arsa jumangkah saking papan lenggah kanthi pikiran kuwur. Dumadakan panyawangipun kraos klemunklemun. Badan lemes moyagmayig, gelis oleng tiba gumebrug. Dados layatan tiyang sapirang-pirang.

SAESTU, BOTEN NDLOMOK

Dening : Datiek Yuminarko Triwida

WEKDALIPUN jam sedasa enjing. Yayuk, yoga kula setri wangsul saking ngeteraken yoga mbajengipun bidhal sekolah, wadul kula. Praupanipun mbrabak, ngempet tangis. Intinipun, yoganipun ingkang taksih kelas setunggal SD diutus gurunipun supados tumut piknik sesarengan kelas enem ingkang nembe liburan semester ganjil. Mesthi kemawon kula penggagak. Sanes masalah beya nanging bab yoganipun Yayuk menika taksih gembrayah, tiga cacahipun. Nia kelas setunggal SD taksih nggadhahi adhik kalih, inggih menika Bagus umur tigang taun lan ingkang ragil umur setaunan.

Jamali, semahé Yayuk. namung buruh srabutan wonten griyane tanggi-tepalih ingkang mbetahaken tenaganipun. Taksih klebet kulawarga prasejahtera utawi kulawarga harapan ingkang sanget mbetahaken bantuwan sosial saking pamarentah. Kranten kula wonten griya namung kaliyan Mbah Kung, awit yoga-yoga lintunipun sampun sami emah-emah ngetutaken semahipun. Yayuk, yoga kula wuragil kula kengken tumut kula. Awor sakulawarga. Mila sareng saking sekolahan wonten wara-wara Ibu Gurunipun putu kula wau diutus tumut wisata, kepeksa kula penggagak. Yayuk kula kengken matur Bu Guru Asmun, wali murid kelas 1, manawi Nia mboten tumut piknik kranten Ibuke mboten saged ngancani.

"Yoga kula taksih alit-alit lo, Bu. Niki adhike Nia teng griya taksih kalih. Kemriyeg. Manawi kula ngeterne Nia, lajeng adhik-adhike pripun? Sinten sing momong? Yen Nia piknik piyambak kula mboten tega." Mature Yayuk wonten sekolahan.

"Nia kudu melu. Iki aturan sekolah. Ibuke kudu ngetutne. Gurune ngopeni bocah akeh ki repot. Adhik-adhike ben diemong Bapake. Khusus pas piknik Bapake aja oleh nyambut gawe. Prei. Momong anake." Bu Asmun maringieguh.

"Bapake niku manjing srabutan lo. Bu. Yen pas dikengken tiyang njur boten ditandangi nggih gela sing ngakon. Bojo kula mboten angsal dhuwit njur sing dipangan napa?" Yayuk matur sok-glogok sakwontenipun. Awit pancen leres makaten.

"Mbahe isa momong ta. Sedina ae mosok wegah?" Bu Paryatin ingkang ngadeg sawingkingipun Bu Asmin paring krenah.

"Bapak kula niku mpun dangu sakit, Bu." Leres ature Yayuk, sawetawis dinten niki Mbah Akunge gerah madharan.

"Mbuh, wis! Urusanmu pikiren dhewe. Pokoke Nia kudu melu piknik. Wektune kurang telung ndina. Titik!" sengel suwantenipun Bu Asmun lajeng mak-klepat ninggalaken papan mriku tumuju dhateng kantor guru.

Dipuntutaken Bu Paryatin tanpa nyuwanten. Yayuk bingung dipuntilar piyambakan wonten ngajeng kelas 1.

Wonten raos ngganjel salebeting dhadha. Seseg. Pikiran jibeg. Krana mboten wonten guru sing dipamiti, Yayuk lajeng wangsul. Sepedhah jengki lavas dipuntuntun turut pinggir radosan. Aras-arasen numpaki. Sukunipun kraos kaku lan abot kangge mancal pedhal. Saurutipun mlampah pikiranipun nglangut. Wekdalipun piknik sampun mepet. Piyambake taksih liwang-liwung, gek tumut napa mboten.

Dumugi ngajeng griya, njagang sepedhah sangandhaping wit pelem. Riwe dleweran nelesi saranduning badan lan praenipun. Maklum, wanci siyang mendhung, hawanipun ungkep, mlampah watawis kalih kilometer saking sekolahan yogane.

"Kowe wis bener muni ngono kuwi, Yuk. Wangsulamu kuwi dudu alasan sing kokgae-gae. Iki nyata. Piknik neng Blitar sing mesthi meh sedina. Yen kowe ora ngetutne, enek apa-apane Nia njur piye? Sapa sing ditempuhne?"

"Gurune pra nggih tanggungjawab ta, Mbah Ti" Yayuk ngelap riwe ingkang nelesi jangganipun.

"Tanggungjawab piye? Paling diamboni minyak kayu putih. Kowe wis tau piknik rombongan numpak bis ta biyen kae? Yen anakmu mabuk

perjalanan njur mutah-mutah. Ora doyan mangan, wegah ngombe, apa anakmu ra klenger tekan nggon? Kuwi sik budhale. Bocah mabuk neng bis ora mungkin gelem mudhun nyang papan lokasi bareng kanca-kancane, Yuk. Apa neh kancane akeh kelase enem. Nia sik klas siji kon awor murid klas enem kuwi piye nalare? Pikiren. Durung mulihe ya mabuk neh. Piyejal?"

Kathah sanget anggen kula nuturi Yayuk, supados Nia boten tumut piknik. Kula piyambak boten purun momong Bagus lan adhinipun. Momong lare alit taksih jemigar menika sayah sanget. Napa malih menika momong lare kalih ingkang mbutuhaken nggendhong yen wanci nangs. Mboten sudik.

"Ning ya embuh lek kowe sing sir dolan-dolan. Anakmu kabehjaken."

"Mboten, Mbah. Kula emong teng griya mawon. Kersane didukani Bu Guru."

"Oke. Sip kuwi. Ndhuk!"

Yayuk mlebet griya. Mikir lelampahane Yayuk niku kula thenger-thenger. Awit, aneh nanging nyata. Nia niku kelas setunggal lha kok ditumutne piknik kelas enem? Napa murid kelas sekawan lan gangsal sampun telas? Ngajak piknik lare kelas inggil niku resikone langkung alit. Murid kelas enem cacah 14 kok disewakaken bis ageng? Nyewa bis mini utawi elf kalih harak cepak. Rekaos nyelami sing digalih Bu Gurune Nianiku.

Kanthi sareh kula purugi Yayuk ingkang lenggah ing dhingklik celak pawon.

"Mbayare niku ndamel yatra Be-es-em kok mbah Uti." Yayuk nerangaken kados ingkang dipundhawahaken Bu Guru

wonten sekolahan, kala wau.

"Justru kuwi takanggep nyalahi aturan, Ndhuk Yuk. Arane ae bantuwan siswa miskin. Siswa sing miskin dibantu kanggo wragad kebutuhan sekolah. Ora ngge piknik. Lek sir piknik ya nabung wiwit klas siji. Tekan klas enem wis turah akeh."

"Piknik niku nggih kebutuhan sekolah ta, Mbah."

"Haiyak, lekmu kemeruh. Piknik kuwi saiki kebutuhan sampingan. Yen jaman sekolahku biyen arane karyawisata, dudu pariwisata. Karyawisata kuwi murid-murid diajak dolan neng lokasi wisata njur nyathet apa wae. Wiwit budhal, tekan lokasi nyathet apa ae sing didelok, mulihe jam pira, njur dina sesuke gawe laporan. Akhire dipasang neng majalah dinding. Apa saiki ya ana tugas ndhakik-ndhakik ngono kuwi? Ora, ndhuk. Saiki arane pariwisata ateges seneng-seneng."

"Wow...ngoten nggih, Mbah? Yen ngoten Mbah Uti dereng nate pariwisata?"

Dipuntangleti ngoten niku sakala tuwuh panalangsa manah kula. Rumiya nalika yoga kula taksih sami wonten nggriya, utawi ngepasi liburan ajeg ngajak kula lan Mbah Kung piknik. Nanging sampun sawetawis wekdal menika lare-lare sami repot pendamelan piyambak-piyambak. Kula lan Mbah Kung mboten nate piknik senaosa papan wisata menika celak saking griya. Pesisir Gemah lan Pesisir Widodari pinggir segara kidul Tulungagung jarakipun namung 10 kilometer saking griya kula. Dhateng Prigi Trenggalek ugi celak. Papan wisata ingkang endah ngelam-elami sarta modern ugi kathah ing salebeting kitha. Kula namung saget ningali saking

tivi kemawon. Ugi saking critane tangga-tepalih.

"Jaremu pencairan be-es-em suk Senen, dhuwitmu kudu kok gawa mulih utuh. Aja oleh dijaluk gurumu nggo ngganepi ongkos piknik. Anakmu ora melu." Piweling kula mawanti-wanti ngalihaken pitakene Yayuk.

"Mendhete teng bank niku nggih diterne bu Asmun lo, Mbah Uti. Mboten saged cair nek mboten diterne Bu Guru."

"Haiyak! Kuwi lek jare gurune. Tandha tanganmu kuwi sing payu, Yuk. Pokok sesuk kuwi kowe kudu puguh wegah mbayar. Titik!"

Sedalu anggen kula tilem tansah klisikan kemawon. Pikiran kula nglambrang dumugi pundi-pundi. Bakune wonten sekolahane Nia. Taksih mikiraken Nia ingkang dipeksa gurune tumut wisata dhateng Blitar kanthi mbayar beya pitung dasa gangsal ewu repis. Kajawi bab yatra ugi mikiraken Nia ingkang taksih alit sareng-sareng piknik kelas enem tanpa dipunawasi Yayuk.

Tiyang umur 56 taun kados kula ngeten niki manawi rekaos tilem wanci dalu lajeng kancilen. Sanajan dipeksa merem, mripat menika pancet mboten purun tilem. Sareh kula tangi, lenggah saking paturon. Kahanan tintrim. Saking njawi boten wonten malih suwantene motor liwat sliweran. Kula tingali Mbah Kung sampun sare angler sanget. Manawi kula nyetel tivi kangge hiburan "pengantar tidur" kuwatos manawi ngganggu mbayaraken impenipun Mbah Kung.

Namung suwanten ungelipun jenggeret nong lan ngelikipun angkup nangka kapiyeng riris raras wirama nyamleng ing madyaning ratri.

Maklum mawon gesang wonten desa Pagergunung ing perenge redi. Hawanipun ing wanci rendheng ajeg atis. Manawi siyang utawi sonten jawah lajeng kahanan tansaya tintrim.

Pikiran lajeng nglangut dumugi ing ukara saumpami. Saumpami benjing menika bibar pencairan BSM panyuwune Yayuk supados yogane dibebaskaken mboten tumut piknik pripun. Saumpami Nia siyos tumut wisata ijen, tanpa ditutne Ibuke pripun. Inggih tasik sampami malih, menika ingkang paling awon. Saumpami Nia angsal boten tumut nanging kuwajiban tetep mbayar beya kursi bis minangka dhendha lajeng pripun.

Saestu jibeg pikiran kula. Pikajenganipun Bu Guru niku kok mbekengkeng kados alu wesi gligen, mboten kenging dieluk najan namung sagagang woh manggis. Saestu mboten ndlomok. Boten umum. Yayuk namung wali murid saged napa? Jelas mboten saged bangga.

Emut jejere Simbah, kula kedah saged dados tambah. Nambahi entheng sanggane Yayuk. Tuwuh tekad kula, benjing kula ingkang matur Bu Guru manawi Yayuk kondul panyuwunipun angsal "pengecualian".

"Siyos dipotong pitu gangsal, Mbah Uti." Yayuk wadul sawangsulipun saking bank. "Jane klas setunggal nampine kalih atus selangkung, yen munggah klas kalih nampi kawan seket. Yatrane sedaya niki wau dibeta Bu Guru. Benjing ngedume. Kula kalih kanca-kanca mulih tangan kosong"

"Ya, ampun. Kebangeten tenan Bu Guru kuwi. Kok mentalane. Mosok wali murid ora

digawani serepis-repisa." Sakala kemropok ati kula. Guru ngoten menika kedah kula adhepi.

Mundur wirang, kula labrag Bu Guru Asmun. Yayuk kula gandheng motor dumugi sekolahan. Keleresan Bu Asmun lan Bu Paryatin jagongan wonten emper kelas enem.

"Sugeng siyang, Bu Guru." Uluk salam kula, salajengipun sami salaman. Bu Guru kalih menika umuripun saplantaran kula. Kaota mboten tebih. Saged ugi langkung sepuh Bu Guru wau. Sanajan meh purnatugas Bu Guru kalih kala wau taksih ketawis anem. Perawatan lan sabendina awor lare alit-alit. Benten kaliyan kula ingkang tani klethug. Boten nate kambon piranti paes, kajawi naming sisir.

"Ngapunten Bu Guru Asmun, kula simbahe Nia klas setunggal. Yogane Yayuk niki."

"Nggih. Bu Harti, mangga pinarak kantor mrika." Wangsulun Bu Asmun ingkang sampun tepang sae kaliyan kula. Bu Paryatin namung mirsani kula lan Yayuk kanthi ulat kirang remen.

"Matur nuwun, mriki mawon. Bu. Kula ajenge nggenahne yatra piknike Nia. Yayuk niki yogane sik alit-alit, kemriyeg. Kok Nia dipeksa melu niku pripun? Crijose malah didhendha mbayar lek ra melu. Kedahe wajib melu niku murid klas dhuwur."

"Bu, sekolahan kadhung pesen bis ageng isi seketwolu kursi. Klas enem lan tiyang sepuhe total tiga kalih. Turahe kursi niku dijangkepi murid klas ngisore sing nampi be-es-em. Niku sampun keputusan bapak Ka-es." Jlentrehipun Bu Asmun semu kemayu. Bu Paryatin manthuk-manthuk. Astane sedhakep wonten madharanipun

ingkang mblendhug. Pancen badanipun lema, dedeg piyadege endhek

"Nanging, Bu..." Punggel kula sareh ingkang dipunpunggel Bu Paryatin judhes:

"Ngeten mawon Bu Harti, kersane mbayare Nia niku mboten mubadir Bu Har dherekne mawon. Mung celak mawon kok, Nia saget dipangku. Dados Bu Harti saget njagi putune."

Mireng katrangan menika sakala kemropok ati kula.

"Mboten, Bu. Kula nyuwun kawicaksanan Bu Guru lan Pak Ka-es. Nia boten tumut. Kula ajenge matur Pak Ka-es." Mungel ngoten tangan kula nyaut tangane Yayuk. Kula ajak dhateng kantor kepala sekolah.

"Bu, Bu, Bu Harti! Pak Ka-es niki wau rapat teng kabupaten. Percuma mawon." Pamenggakipun Bu Paryatin. "Nia mboten tumut mboten masalah. Mbayare panggah. Bu Harti boten ndherek mangke kula padosne tiyang sanes."

Peenng!!

Beeh...kados makaten punika pola pikir lan patraping guru sakmenika? Punapa kados menika dhapuripun pendhidikan ingkang kawastanan pasinaon kurikulum mardika? Manawi kula terasaken ngadhepi Bu Guru kalih niku, menawi kula saged ketaman lelara strug ing ngenggon.

"Sakkersa. Mang padosne tiyang sanes, ken mbayar malih. Bathine guru ben kathah. Pun kula wangsul." Klepat kula nyingkrihi papan mriku jumangkah ngisor cagak gendra papane motor kula jagang. Yayuk tutwuri. Duka napa ingkang dipunpikiraken.***

CUTHEL

Nggoleki Bapak

Dening: Keliek S.W.

WA Y A H a w a n .
Srengenge ngratoni
langit, panas
ngenthang-enthang. Imel lan
Dhiky metu saka ngomah. Imel
digonceng Dhiky numpak
sepedha. Sing dituju warung sate
kambing cedhak pasar. Kejaba
arep tuku sate kambing, uga arep
tuku roti bikang. Sate kambing lan
roti bikang kuwi pesenane ibu.
Wis telung dina kesehatane ibu
rada sulaya lan ora kersa dhahar.
Nanging awan iki ibu ngersakne
sate kambing lan roti bikang.

Pas tekan papan sing
dituju, warung sate kambing kuwi
lagi rame. Sing tuku padha antri.
Ya merga kuwi, Dhiky pamit arep
menyang toko roti sing dununge
rada adoh ing sisih wetan kana.
Imel ditinggal ana kono,
dikongkon antri sate kambing.
Pamrihe supaya cepet, ora
kesuwen. Imel setuju.

"Nanging aja suwe-suwe
ya, Mas," Imel meling.

"Beres. Aja kuwatir!"
Dhiky wangsulan cekak.

Sawise antri sawetara,
sate kambing pesenane Imel wis
kecekel tangan. Nanging Dhiky
durung ketok irunge. Sikile Imel
nganti krasa kemeng merga
kesuwen ngadeg ana kono
lumayan suwe. Senaadyan batine
kresah-kresuh merga mangkel,
nanging Imel sabar ngenteni
Dhiky.

Nalika kuwi, ing ngisor
wit asem gedhe ngrembuyung,
ana bocah lanang sing tansah
ngawasi Imel. Bocahe nganggo
kaos ireng. Saiki bocah lanang
kuwi nyedhaki Imel. Imel
disawang rada suwe. Imel ora

kenal, nanging nyoba mesem.
Akhire, bocah lanang kuwi ngajak
kenalan. Jenenge Pram, lengkape
Pramono. Imel iya genti
nepungake jenenge.

"Sing mbok cangkling
kuwi apa sate kambing?" Pram
takon.

"Iya," jawabe Imel.
"Geneya?"

"Upama dakjaluk oleh
apa ora?"

Imel meneng wae.

"Ibuku sakit lan kepengin
sate kambing. Nanging aku ora
duwe dhuwit. Dhuwitku wis
entek. Merga ibu sakit, pirang-
pirang dina aku ora bisa golek
dhuwit," Pram anggane ngucap
sajak memelas.

Imel isih durung
wangsul. Pram disawang saka
pucuk rambut nganti driji sikil.
Pram rada kuru, nanging awak lan
sandhange resik. Sarehne Imel
yakin yen Pram ucape jujur, mula
sate kambing kuwi banjur
diulungake. Pram ngucap matur
nuwun, banjur age-age ngalih
saka kono. Mlaku ngijlik
menyang arah wetan. Imel
nyawang Pram nganti bocah kuwi
ilang ing pandeleng.

Imel isih duwe dhuwit.
Dheweke bisa tuku sate kambing
maneh. Durung nganti kelakon,
Imel divedhaki saweneh bapak-
bapak. Priyayine bregas, rambute
potongan cekak kaya aparat
keamanan. Imel ndredheg.

Bapak iku ngajak
salaman lan nyebutake jenenge.
Asmane Pak Samsudin. Malah
Pak Samsudin crita yen wiwit
mau wis nggatekake Imel saka

kadohan. Pak Samsudin iya pirsane
Imel mau digonceng sepedha.

"Jenengmu sapa,
Ndhuk?" Pak Samsudin ndangu.

"Nami kula Imel, Pak."

"Kowe mau tuku sate
kambing ya?"

"Inggih, Pak. Kagem
ibu."

"Loh, kanggo ibu!"

"Leres."

"Geneye kok malah
mbok wenhake bocah lanang
kaos ireng?"

"Piyambakipun nyuwun.
awit badhe tumbas piyambak
boten gadhah arta. Ibunipun
nembe sakit lan kula ruamos
welas."

"Kowe ngerti, bocah
lanang mau sapa?"

"Namine Pram.
Jangkepe: Pramono."

"Oo, ngono. Apa kowe
ngerti, Pram kuwi sapa?"

"Kula boten ngertos.
Tepang kula nggih nembe niki
wau."

Pak Samsudin banjur
crita yen wis pirang-pirang dina
sengaja nyegat Pram ana kono.
Biyasane, Pram ngamen turut
kampung sakiwa-tengene pasar
nganggo icik-icik sing digawe
saka seng tutup botol. Nanging
Pak Samsudin ora crita apa
perlune nyegat Pram.

"Imel, kowe gelem
dakajak nututi Pram?"

"Wonten urusan menapa,
Pak?"

"Saiki aku durung bisa
crita. Mengko kowe rak ngerti
dhewe."

"Menapa panjenengan
polisi?"

"Dudu."

"Menapa Pram penjahat?"

Pak Samsudin ngguyu, banjur ngendika, "Tenangna atimu. Kowe aja duwe pikiran neka-neka. Ketoke Pram dudu golongane bocah nakal. Dudu bandhit cilik. Piye, kowe gelem ngancani aku nututi Pram?"

"Nggih, Pak. Kula purun. Nanging kula kedah ngrantos Mas Dhiky rumiyin."

Imel durung nganti mingkem, Dhiky katon tleser-tleser numpak sepedha saka wetan. Dhiky sajak gela nalika weruh Imel durung nggawa sate kambing pesenane ibu. Dhiky arep takon marang Imel kepriye genahe. Nanging kedhisikan pitakone Pak Samsudin.

"Dhiky, kowe mau apa papagan bocah lanang rada kuru, nganggo kaos ireng? Nyangking buntelan diwadhahi tas kresék, olehe mlaku sajak kesusu!"

"Inggih, Pak. Wonten menapa?"

"Bocahe terus menyang ngendi?"

"Kula boten sumerep."

"Tulung tuntutana numpak sepedha. Pangiraku, dheweke terus menggok ngidul."

"Siyap, Pak! Menawi sampun kepanggih?"

"Awasana wae, dheweke mandheg ana ngendi. Omahe ngendi. Aku lan Imel nututi nganggo mobil."

"Inggih, Pak."

Dhiky nyengklak sepedhane tumuju arah wetan. Tekan pertelon banjur menggok ngidul. Terus ngidul nganti sawetara adohe. Sidane, bocah lanang kaos ireng sing digoleki wis ketok jlenggrengé. Lha kae! Saiki menggok ngetan.

Ora let suwe, Pak

Samsudin lan Imel wis bisa nyusul. Dhiky sengaja ngenteni ana pinggir dalan. Dhiky wis weruh bocah sing digoleki mandheg ana ngendi.

Pak Samsudin markir mobile. Banjur mlaku liwat dalan cilik satengahe pesawahan. Sing dituju omah gedheg cedhak kuburan. Ah, dudu omah nanging gubug. Bocah kaos ireng mau nylusup menyang njero gubug.

Wong telu jumangkah menyang gubug. Pak Samsudin posisine ana ngarep dhewe, banjur Dhika lan Imel. Lan kabeh weruh. Ing njero gubug, Pram ora mung ijen. Ana uga wanita setengah tuwa. Mbokmenawa ibune Pram. Wong loro kuwi lagi thiluk mangan sate kambing. Anggone mangan sate kambing kepeksa kandheg jalaran ketungka tekane Pak Samsudin, Dhiki, lan Imel.

Si ibu ndomblong. Pram malah ketok wedi. Nanging mung sedhela. Kahanan bisa malih normal. Ora tegang. Pak Samsudin ngajak rembugan kanthi kepenak. Intine, Pak Samsudin nlesih geneya wong loro kuwi manggon ana kono.

Lelakon kuwi wis kliwat rada suwe. Kira-kira rong wulan kepungkur. Nanging rasane kaya lagi dhek wingi. Imel isih ketonketonen. Semono uga Dhiky. Imel lan Dhiky ngrembug prekara Pram.

"Dadi, Pram kuwi dudu putrane Bu Wartini ya, Mas?" ucape Imel marang Dhiky.

"Dudu. Antarane Pram karo Bu Wartini kuwi dudu sanak dudu kadang. Nanging Pram nganggep Bu Wartini kaya ibune dhewe. Suwalike, Bu Wartini ya nganggep Pram kaya anake dhewe," semau Dhiky.

"Kahanan ndonya iki pancen aneh."

"Takdir sing methukake Pram karo Bu Wartini ing kutha iki."

"Aku salut tenan marang Pram. Kok olehe kendel. Atase bocah ndesa, kok wani budhal ijen nggoleki bapake sing lunga menyang kutha. Kamangka ora jelas ngendi alamate. Gek sing digawa mung photone bapake."

"Aku ya salut marang Bu Warsini. Saka ndesa nganti tekan kene awit nggoleki bojone sing suwe ora mulih."

"Atiku nggrantes yen nggagas lelakone Pram lan Bu Warsini. Nganti dadi gelandangan lan manggon ana gubug sandhing kuburan."

"Tujune banjur ketemu Pak Samsudin!"

"Iya! Banjur diajak manggon ana Panti Asuhan Budi Luhur."

"Mas! Suk kapan-kapan ayotilik mrana."

"Siyap. Aku ya duwe pikiran ngono."

Sore kuwi, Imel lan Dhiky anggone rembugan ana teras. Dumadakan ana mobil mlebu menyang plataran omah. Imel lan Dhiky ora lali. Mobil kuwi kagungane Pak Samsudin. Pak Samsudin sengaja tindak mrono saperlu awèh kabar becik. Intine, Pram wis bisa ketemu bapake. Bisane ketemu merga diwarawara liwat televisi lokal lan media sosial. Saiki Pram mulih ndesa. Nanging emane, Pak Samsudin durung kasil nglacak bojone Bu Wartini. Muga-muga wae bisa ketemu ing liya dina. (*)

EMAK PENGIN KURBAN SAKTENANE

Eni Siti Nurhayati

“Pokoke taun iki Emak kudu kurban. Kurban saktene. Dudu kurban arisan utawa kurban kliwatan!” swarane Emak mantep lan yakin saka walike telpon nalika aku kawit manyuk plataran omah awal Juni wingene dawa. Kurban saktene? Apa maksude?

Kemata ngegla pakulinane Emak saben arep riyaya kurban. Pendak taun, mesthi nelponi anak-anake ngabari arep kurban apa. Kaya warta sing dikirim Emak taun kepungkur.

“Le Mbarep, taun iki Emak kurban sapi. Arisan sing takeloki njedhul. Alhamdulillah.” Aku manggut-manggut. Iya. Emak sing pakulinane kurban wedhus kepingin kurban sapi. Gak sukur sapi, wong pancen sapi

larang. Dadine Emak melok arisan kurbanan sapi sing dianakna pengajian wedok sing dieloki.

“Sapi siji lunase telung taun, Le. Ngunu iku gak pa pa jarene Ustaz. Ketepakan jenenge Emak oleh ndhisiki pas dilot wingi.”

Arisan kurban mangsa telung taun. Basane kanca-kancaku ngunu iku klebu latihan kurban. Aku dhewe sing awam babagan fikih *he ah-he eh ae*. Wong Emak ya nduwe dhuwuk dhewe. Dhuwuk kiriman ka anak-anake, klebu ka aku. (Weehhh, aku riya' dhisiki ngene iki, ssttt ndhepani dhadha nek perkara wajibe anak, ben kecathet malekat!)

Biyasane sakdurunge iki sing dieloki arisan wedhus. Mbuh anggotane pira, limang taun kawit buyar. Saben

mbeleh koyoke luwih ka limang iji wedhuse. Aku lali uga, wong Emak melok arisan ngunu iku kit Ragil mentas anggone kuliyah.

Aku dhewe sing kerja ana sanjabane pulo tangen lamun isa mbaturi Emak ing dina riyaya besar. Wong aku wis mulih dhek Idulfitri wingi. Blang-bleng mulih nggawa anak bojo rak ya kudu ngetokna dhuwit gedhe? Mula biyasane uga, aku nitip dhuwuk nggo kurbane Emak. Rongewu setengah takpasrahna nalika pamitan. Wis, ngunu ya lancar mataun-taun iki.

Emak dhewe ya sajak buanggaa ngono nek dhong kurbanan. Nek dhong gak entuk arisan, ya kurban siji tah kadhang loro ka Ragil barang.

Mulakna aku kok ya heran ngrungokna

pangandikane Emak sing malih krasa atos neng kuping ngunu mau? Apa maneh aku ya jik gung suwe mulih ka riyayan Fitri? Kok ya gak diomong pas aku mulih?

Aku gak kepingin ndedawa diskusi karo Emak. Aku apal wateke sing kumudu dilakoni apa ae sing dikarepna. "Piye se, Gil critane kok Emak ujug-ujug niat kurban dhewe. Murni kurban ka dhuwike dhewe?" Aku pilih ngebel adikku, Ragil.

Ragil crita dawa.

Emak pengin niru Yu Mah, tangga ngarepan sing kurban ka asile buruh tani lan rewang nang omahe tangga teparo. Yu Mah kulina rewang ing omah uga. Yu Mah gung nate kurban, ya mek melok arisan kurban koyok Emak. Dene kurban sing dhuwike ka anak-anake ya gung nate. Wong Yu Mah kuwi randha tanpa anak.

"Emak sajake mikir jeruuu ngunu, Mas. Gremeng-gremeng neng kapanane, 'Masiya kurban mben taun wong mbayare arisan dhuwike ka arek-arek. Ngetokna dhewe ya ka arek-arek. Gung tau ka dhuwikku dhewe. owalah ... isin aku nang Yu Mah!"

Ya Allah, dadine ngono? Hla pancen Emak gak kerja gak sembarang. Urip

saben ndinane kesokong pensiunane bapak. Terus piye?

"Jar-jarna ae, Mas. Emak rak pinter masak tumpeng. Saiki melok nampani pesenan tumpeng saben dina. Ka desa, ya ka sekolahan-sekolahan."

Emak pinter masak. Sapa ae ngakoni. Nanging pintere mau sadarma nggo keluarga wae. Bakat mau sing nurun nang Ragil. Ragil nduwe usaha katering sing dikelola mbek Dhik Amin, kakunge. Dadine saiki Emak pengin nglumpukna dhuwik dhewe nggo nglancarna pepenginane.

"Terus masake mara nggenmu tah neng omah?"

"Ya neng omahe dhewe, Mas. Emak mosok gelem nang omahku? Nginepi maneh? Hahaha..." Guyune Ragil gemontang. Ragil sakjane omahe mek keletan karangan omahe simbah, kok. Asline bapak mbangunna aku, omah punjer nggo Ragil, tapine wong aku neng paran...dadine omahku diliger Ragil. Wis ngunu putusane Emak.

Batinku, "Kok ngantek turu nang omahku, mara nggene ragil ae sedhiluk wis mulih. Pinisepuh adate ngunu, yaa ...krasan neng daleme dhewe!

Mambengi sakwise buka pasa tarwiyah taun iki. Emak ngebel. Sakliyané kangen swarane putune, Emak ngelengna ngomong serius nang aku.

"Le, kok Emak koyok arek cilik ae, ya? Njiyat arep kurban dhuwik-dhuwikku dhewe. Saiki nalika dhuwikku wis luwih ka cukup kok aku malih kepikiran taksumbangna masjid ae."

Masjid? Oh, masjid kampung rada cedhek ka omah rak lagi direbab gedhen-gedhenan?

"Aku dhewe ya entuk arisan kurban maneh. Mbek dhuwikmu ya wis ditukokna wedhus nang mantuku..."

"Mboten kawastanan latihan kurban? Mboten diarani kurban kliwatan malih?"

Keprungu guyune Emak lirik.

"Enggak. Aku wis mari ngaji. Gak perlu ngetutna omongane uwong. Gusti Allah wis nyathet amalane Emak. Ngunu thok cukup."

Jik dawa pangandikane Emak. Wis gak murub lan emosi. Ah, Emak. Isaku mek manggut-manggut. Jawabku ya mek mangga kersa-mangga kersa. Sakkersa Emak!

Walang Kayu

Sri Asih

Udan gerimis mlayu-
mlayu

Mlayu golek walang kayu

Walang kayu menclok watu

Arep dicekel maburdhuwur

Udan sore durung terang.
Gerimis isih netes-netes ing
gegodhongan. Ngatmin lan
Parmin mlayu-mlayu karo
tetembangan. Suarane sahut-
sahutan. Sikile nyeker ora
nganggo sandal. Tangane padha
nyekel piranti kanggo golek
walang kayu. Ngatmin nggawa
jaring-jaring lan genter, Parmin
nggawa sada sing arep dienggo
ngrenteng walang kayu.

“Jooo! Jooo! Paiiiijo!”.

Tumeka kebon mburi
omahe Paijo, Parmin lan Ngatmin
sahut-sahutan celuk-celuk Paijo.

“Paijo! Ayo, metu!
Walang kayu wis nunggu,”
pangucape Parmin.

“Tunggu sedhela. Aku
njupuk genter karo jaring-jaring
dhisik!” wangsulane Paijo saka
njero omahe.

Paijo mlebu kamar ganti
kaos sing wis elek.

“Mbok, kula nyuwun
pamit. Kula badhe pados walang,”
pangucape Paijo.

Paijo pamit marang
simboke. Tangane nggawa genter
lan jaring-jaring.

“Ngati-ati, Le!,”
pangandikane simboke Paijo.

“Nggih, Mbok,”
pangucape Paijo

“Golek walang sing akeh
ya, Le!” pangandikane Simboke
Paijo.

Paijo mlayu nggabung
karo kanca-kancane.

“Enake golek walang
menyang ngendi, Jo?” pitakone
Parmin.

“Golek walang menyang
alas pinggir desa. Wingi bapakku
golek sedhela bae entuk walang 7
renteng,” pangucape Paijo.

“Ya, aku sarujuk yen
golek walang menyang alas
pinggir desa,” pancelathune
Ngatmin.

“Jos! Rukun kabeh,”

pangucape Paijo karo ngathungke
tapak tangane marang Ngatmin
lan Parmin.

“Sayuk rukun. Golek
walang bebarengan. Ayo, jaring-
jaringe dipasang!” pangucape
Paijo.

“Walang-walang kayu.

Ayo, melu aku!

Ayo, melu aku! Ayo,
melu aku! Walang-walang kayu.”
suarane bocah 3 tetembangan
karo nggawa pirantine golek
walang.

“Paijo! Ngatmin! Pasang
jaring-jaringmu!” pangucape
Parmin karo ngoyok-ngoyok wit
albasia.

“Horeee! Walange akeh
pating kleper. Ayo, dijaring
kabeh!” pambengoke Paijo.

“Walange mlebu jaring!
Walan-walange mlebu jaring
kabeh! Horeee!,” pangucape
Ngatmin karo ngobat-abitke
jaring sing cumanthel genter.

Paijo, Parmin lan
Ngatmin bungah atine. Jaring-
jaringe kebak walang kabeh.
Marem lang bungah atine amargo

oleh walang akeh.

“Ayo, leren karo ngrentengi walang!” pangucapè Ngatmin.

“Iku ana watu gedhe sing kepenak dienggo lungguhan,” pangucapè Paijo karo nuding watu gedhe sing ana pinggir Alas Wonosadi.

“Iki mengko walange diedol menyang Mbok Mayar, ya!” usule Ngatmin.

“Ya, kaya biasane,” pacelathune Paijo.

“Walang-walang lemu. Kowe wis ana tanganku. Aja mabur mlayu. Walang-walang lemu, sing ana tanganku,” suarane bocah 3 tetembangan nganti teka omahe Mbok Mayar.

“Mbok! Mbok Mayar! Kula adol walang. Mbok,” pangucapè Paijo.

“Wow! Kowe pancen pinter golek walang. Le. Walange akeh lan lemu-lemu,” pangucapè Mbok Mayar.

“Walange lemu dhuwite ditambahi sing kathah nggih, Mbokdhe!” pacelathune Ngatmin.

“Walange daktuku Rp150 000, 00 nanging simbok njaluk direwangi mbetheti,” pangucapè Mbok Mayar.

“Nggih, Mbokdhe,” wangsulane bocah telu

bebarengan.

Walang kayu diduduti saka rentengan banjur dibetheti Paijo karo kanca-kancane ana ing cedhake sumur.

Mbok Mayar mlebu pawon. Mbok Mayar ngracik bumbu kanggo ngolah walang.

“Niki walange sampun resik sedaya, Mbokdhe,” pangucapè Ngatmin.

Bocah telu ngulungke tampah sing isine walang. Walang wis dibetheti, dikumbah resik lan dipilah-pilah kaya padatan. Walang gedhe lan cilik diwadhahi tampah sing beda.

“Selehna kono, Le!” pangucapè Mbok Mayar karo nuding paga ing pawon.

“Walang sing wis mateng iku rasane mesti enak,” suarane Parmin klesik-klesik ana kupinge Ngatmin.

“Kowe pengin? Nembunga yen wani!” pangucapè Ngatmin.

“Mbokdhe, Parmin pengin ngrasakke walange sing mateng,” pacelathune Paijo.

“Njupuka, Le! Iku ana walang goreng bawang, walang goreng gurih kemripik, walang bacem, walang goreng pedes, walang goreng pedes ndower, lang walang goreng keju. Miliha dhewe!”

“Nggih. Kula pengin, Mbokdhe!” pangucapè Parmin.

“Walange goreng kathah, Mbokdhe!” pangucapè Paijo.

“Iku pesenan putrane Pak dukuh sing ana Jakarta, Le. Pesenane Pak Camat durung rampung. Walange mentah isih kurang.”

“Mengke dalu kulapadoske kathah, Mbokdhe,” pangucapè Ngatmin.

“Ya, Le! Mengko bengi nyuluha walang meneh sing akeh! Iki dhuwitmu, Le!”

“Nggih, Mbodhe. Kula mantuk rumiyin,” pangucapè bocah telu bebarengan.

“Walang Mbok Mayar pancen enak tenan. Mulane bulikku sing ana Jakarta mesti pesen walang bacem,” pangucapè Paijo.

Ora mung wayah sore nalika udan gerimis, bocah-bocah ing Desa Beji anggane golek walang, nanging uga wayah wengi. Ing wayah wengi, bocah-bocah ing Desa Beji golek walang kanthi nyuluh. Piranti sing dienggo nyuluh walang kayu yaiku oncor utawa sentolop lan jaring-jaring.



J.F.X.Hoery

NALIKA TILIK DESA

Daksawang pekarangan mburi omah
Pala pendhem pala gumantung ledhung-ledhung
Dhek biyen dhek aku isih ana ngomah
Ing desa pereng gunung kana
Dhek semana dakrasakake urip ing desa
Nggarap sawah mluku nggaru
Ndhaut winih tandur subur
Mangsa panen gawe suling damen
Iku puluhan taun kapungkur

Bareng bali tilik desa
Daktemu luku garu gumlethak
Tegal sawah bera ngenthak-enthak
 =Bocah saiki wegah nggarap sawah
 Kebo sapi ora ana sing ngopeni
 Ing desa wis ora ana rajakaya
 Tegal sawah digarap nganggo traktor=
Aku njegreg krungu kandhane tangga
Kang ora nate dakduga
Banjur kasambung kandha panalangsa
 =Para mudha padha lumuh makarya
 Pakaryan tani padha disingkiri
 Nggadhang urip mulya emoh ngrekasa
 Ongkang onkang mangan enak karo jigrang.=
Aku njegreg ora kumecap tumanggap
Tilik desa malah ndedawa pangrasa
Adoh saka kanyatan kang dakrantam

Kebonagung-Pacitan
Nopember 2022

SAMPURNA.

Kang katon gawang-gawang ing tawang
Kaya gurit alit kumleyang
Ngrenda crita kuna
Ngudhar petung jangkaning jaman
Gathuk temuning rasa lan laku
Marang teba tebaning panguripan
Marang tebaning kasubwatan

Dongeng kuna kang kinepung karep
Sinerat ing wedha pangreksa
Mawa jantra panggrahita lan rasa
Kanthi sih katresnan
Ancasing kasetyan kang murwani
Kinanthi lekasing astaMu

Wewayangan kang ngegla
Mrahcihnani gegambaran maya
Ana panjangka ngupaya jatining dhiri
Ngayati urip mangun jejibahan
Murih kasembadaning laku
Wiwit gisik anjog segaraning kasampurnan
Ing kana wujud ing kapitayan.

GOREH

Mbiyaki crita-crita kawuri
Nggagas tatu lawas nabet maras
Nalika rembulan panglong
Ana rasa ngendhelong
Rasa kapang
Rasa mamang

Lelakon kawuri tumimbal bali
Ngerog ati sing wis lali
Nalika awake dhewe nyawang palaganing urip
Setengahe laku
Satengahe dalan
Ora nggagas ngarep ana simpangan

Ora perlu digetuni
Ora usah dieling-eling
Jantraning urip wis pinathok
Kipatna sakehing rasa goreh kanthi ati sarch
Kaya wingi-wingi sing wis mungkur
Biraten gorehmu unjukna syukurmu.

Padangan-Bojonegoro
15 Nopember 2022

TRADHISI

Kumelun kukusing dupa nyengka akasa
Kinkep kembang wangi pitung warna
Banyu bening saka tuk pitu
Embuh kepriye asal mulane
Awake dhewe mung sadarma nguri-uri
Wiwit embah canggah ora owah
Iku sarat lelaku

Kumelun kukusing dupa nyengka akasa
Ngeleng niat mantheng keblat
Keblating kautaman
Kautamaning ati
Ati sumeleh mring Hyang Widi
Kang paring garis pesthi
Kanggo gegodhelan arah keblating urip

Kumelun kukusing dupa nyengka akasa
Mantra donga ngreksa jiwa raga
Nggegulang urip nut sukma sejati
Pindha curiga manjing warangka
Ora mung lekasing sang Bima
Naker kekeran kang sinengker
Ing kono tukung bebener.

Padangan-Bojonegoro
Awal Desember 2022

Hidratmoko Andritamtomo:

Ing Kana

Padhang katon merak ati
Wit tetanduran kang ijo reroyoman
Pari kang tinandur sinaput ing samirana
Akarya tentreming wardaya
Tumrap kang samya nglaras sajroning rasa
Bagya mulya kang tinuju
Lumantar warsa kang wus gumanti
Mugya jumbuh kang ginayuh
Sabarang lelara bendu balak
Bisoa enggal sumingkir sumilak
Sirna musna
Lumantar umbul pamujine wong sajadad
Mrih bawana bisa tansah padhang
Mbagekake baskara kang nyungging esem

Januari 2021

Ayang-ayang

Surya wus tumelung angslup
Teja kang sumunar nedya sirep
Lir kentir gineret lakuning samudra
Kari ninggal ayang-ayang cemeng
Ruruh tumekung mapag tumekane peteng
Pang-pang cemara umbul pandonga
Wedhi jaladri tan kendhat sung pepuji
Ngajap sesuk srengéngé hali cumlorot
Nggembol nugrahaning Gusti kang datan pedhot
Bagya mulya mecaki sadawaning ari

Malem pungkasaning warsa 2021

Wartane Alun Segara

Aluning jaladring lir nggiring warta
Sumusup antaraning cadhas sela
Ngabarké kojahe gutru anyaru
Klawan walang sangit mendhem sengit
Padha rerasan gunem tanpa guna
Ngrabuk kandhane bakul sinambi wara
Aja pijer ginodha tumoleh
Luwung wigati saiki
Sawangen ombere segara
Rungokna kidungé maruta
Kang tulus akarya tentreming jiwa

Glagah, Desember 2021

Irul S. Budianto

IRONI SUBUH

udan wengi wis lunga
lan Subuh lagi wae teka
anak bojoku isih ketungkul karo impene
aku dhewe kangelan njarwakake

ing njaba katon sepi
hawa adhem sing setya ngancani
apa sliramu wis tangi?

dakpecaki lurung sing isih teles
sisane udan kepara suwe lan deres
swara tarhim wis sirep
nanging mushola krasa anyep

2022

JOGJA SAWIJINING SORE

udan riwis-riwis lagi wae tapis
dalan-dalan isih dikemuli hawa atis
saka prapatan dumadakan njedhul widadari
eseme banget merak ati

aku blangkemen ora bisa nyuwara
dheweke ngulungake slendhang motif arga
sinartan mantra kuwawa ngosikake dhadha
“Urip kadidene wong munggah gunung
ana kalane bingung lan kudu kesandhung!”

Jogja sawijining sore
alon-alon dakeja ukara lan maknane
dheweke sing ngerti-ngerti teka
dadi usada ing lakune dina-dina

2023

SKETSA SEPTEMBER

ing kamar kang amem
sliramu ketungkul dolanan impen manis
dikancani hawa adhem
kamangka ing njaba swara tangis
ngungkuli jumedhore mimis

2022

CATHETAN WIWITANE OKTOBER

sirah-sirah dumadakan mengangah
ngobong lapangan wiwit saka tengah
nalika unine sempritan wis ilang
digondhol angin menyang awang-awang

tangan-tangan njilma pedhang
mobat-mabit mblerengi panyawang
sinartan yel-yel panantang

ing tribun lan pinggir lapangan
surak-surak mawurahan
worsuh jerit lan sambate wong kelaran

saka kene, saka papan sing ora kokngerteni
eluh tumetes mili, terus tumetes mili

2022

D' Eros Sudarjono

BLANGKON

Ora mburu jangkep
samubarang temtu ngemu karep
uga ora saderma tutup
ubaling napsu bisowa kinukup
aja nganti seling surup

Blanco ing mula buka
murih gampang ngadi busana
ora ngentekne wektu kedawa-dawa
gya marak ngabyantara
mestuti dhawuh timbalan panguwasa
rembug sawenehing perkara

Seje desa mawa cara
padha rupa ngemu teges beda-beda
trep mungguh kagambar mawa rakit ukara
modhel kanthi mondholan
perlambang tumrapping kahanan
kendhali diri mepes napsu kadonyan
utamaning tujuwan

Blangkon
kocap Ki Ageng Giring sesepuhing kraton
cipta rasa dadya wewaton
sairing syiar agama ing tanah Jawa
ajur ajer manjing sajiwa
nut laku jantraning mangsa

Jombang, 2 Maret 2023

WISMA SENI

Maneka karep sarujuk gathuk
undering sedyu nuli padha nglumpuk
gayeng rembug tanpa ana keladuk

Kana kene asal dununge
logat pangucap sarwa seje
dudu pepalang manunggal ing gawe
ginelung batin iket benang lawe
paguyuban Melati Rinonce

Regeng wisma seni
luhur lestari budaya Jawi
gancaran gurit sarana nyawiji
amarsudi tilaran aji
rinengga tembang macapat adiluhung
sinawung gendhing angungkung
adicara agung sinengkuyung

Golong gilig tekat njeroning ati
datan kendhat samya angudi

Jombang, 2 Maret 2023

TAHU BRONTAK

Esuk-esuk kemulan pedhut
Adheme taker sikut
mlebu warung ngarep omah
wedang kopi bubuk wantah
tahu brontak mongah-mongah
ngangeti raga seger sumyah

Pancen nedheng mangsa rendheng
udan teka prasasat nglendeng
kali-kali padha nggrengseng

Nanging poma dipoma
galeng-galeng tansah openana
aja nganti ambrol kena banyu
dimen tembe bisa gumuyu
ngundhuh wulu pametu

Tahu brontak panas-panas
lalap ijo lombok rawit
muga pinaringan bregas waras
katebihna kabeh penyakit

Jombang, 24 Pebruari 2023

RENDHENG SALAH KEDADEN

Klowang kawung ati liwung
pikir nggrambyang tanpa timbang
gemantung langit mendhung
tegal sawah lerab banyu tansaya mekung

Gemrojog udan ora leren
kaya rendheng salah kedaden
kali mbludag ngebaki latar
tandur pada nglekar angen katut ambyar

Sabendina nyawang mendhung peteng
rasa ati tambah ngrembuleng
sawah sailat pojok desa
tambel butuh dina-dina tuwa
wis malih kaya segara

Amung pandonga rina wengi
nyuwun sih welasing Gusti
kenthong titir aja nganti
tumpukan gabah sisa panen taun wingi
nyambung urip sawetara sasi

Jombang, 24 Pebruari 2023

Sari Mahasiswati

Pandoming Atur

Kangen

Sliramu sing tak kangen
Aja mbok gadho ati
Ngapaa wis kaya ilat mati
Kelingan wong sing tak tresnani
Nanging malah ora ngerteni
Sliramu sing tak anti-anti
Dadi gawe laraning ati
Merga kowe ngurubke geni
Geni ana ing jeroning ati
Sing jare wis kepatri neng atimu wingi
Wong bagus sing lencir kuning
Wis dadi bedjone awak iki
Nyenengi wong sing bagus manis
Sanadyan kowe wis lali
Nanging jenengmu wis gumandul ing ati.

Dudu sanak dudu sedulur
Ra trima yen ana eleke tutur
Kae dudu dulurku nanging wis tak anggep sedulur
Yen ana caturan liyan elek ndnang sumungkur
Yen diladeni tansaya dadi kalantur
Ora usah nglayani wong kang kakehan catur
Mikira ndisik yen arepa matur
Merga lathi ora ana jampi kanggo sing salah atur
Yen tinemu kanca becik akehana rasa syukur
Aja mbok larani nganti tekane kubur
Anggone milih atine wong ora kena diukur
Kabeh kuwi kena sumerep saka caraning matur.

Cukil Dulit (arane anak lanang kabeh)

Mijil anak pambarep ing sasi Juli
Mijil anak panengah ing sasi April
Mijil anak ragil ing sasi akhir
Ank telu lanang kabeh kaya dene Dewi Kunthi
Tak ajab kaya dene Gathutkaca satriya Pringgodani
Prabu otot kawat balung wesi
Nggeerr..!dadiya satriya kang Brajamusti
Ora mung ampuh tenaga ning setya ing ati
Aja rumangsa bisa, ning sing bisa ngrumangsani
Aja seneng golek eleke liyan mergaa kuwi ora becik
Aja ngajari liyan kang wis mahir kaya dene bebek diwuruki nglangi
Dak kira angel dijak rembugan becike diliwati
Dadia cukil dulit bapak biyung sing andum bekti.

Swara Ati

Rasa tresnaku agawe cidro
Paribasan cebol nggayuh lintang dadi perkara
Pasuryanmu sumunar kaya lintang johar
Apa kang dadi jodhomu kayanemu emas saloka
Sakjame ra pethuk kaya dene ngenteni udan ing mangsa ketiga
Alismu njlaret kaya wulan nanggal sepisan
Idepmu ngelung tumenga ing tawang
Tak waneni anggonku olehe ngudarasa
Merga yen ra blaka bakalan lara owah.

Pepeling

Aja mbok nesu nganti abang kupinge
Aja mbok ngapusi nganti abang lambene
Titik pikire aja mbok adol kringete
Tutur becik aja mbok adol jenenge
Aja ngotot mbok sing alus tembung
Makaryaa sing amba jangkahe
Sumingkira saka kang wulu atine
Jembar pikire mbok aja cupet pikire
Aja dadi gawene wong mula entheng tangane.

Njaluk dhisik Jatahe

Nalika sisihanku arep nganakake syukuran ambal warsa, Bu Widya kepilih dadi tukang gawe syukuran. Tetimbanganne: Ora perlu mlompat katering seje RW wong sing cedhak wae ana. Dipetung meh rong yuta kurang sithik. Klebu sembulihe sing gawe bancakan.

“Aku njaluk gunggung seket dhus Bu, kanggp tangga sak RT karo arep tak gawa menyang kantor,” sisihanku awèh ancang-ancang. Karo nrithik mbaleni apa wae lawuhe. Klebu segane sega kuning sing santene rada akeh kareben gurih. Kerdhus kanggo wadhah rupa ijo kembang uga wis diapiake. Supaya nggaya sithik.

“Wah, pun klebu luks niku. Timbang biasane Bu,” Bu Widya awèh aleman.

“Nuwun sewu, yen Bu Derep ndherek ngrewangi pripun?” Bu Widya nawakake tanggane. Sajak rumangsa kewalahan yen dhewekan. Uga mbok menawa karo nulung ben Bu Derep melu mangan sisan. Sebab sisihanku uga awèh kalodhangan supaya keluwigane Bu Widya sak omah melu mangan.

Pyak-pyek, anggane tuku blanja wis rampung. Iwake pitik tak deleng uga gedhe-gedhe. Ora ngisin-isini yen diedum. Klebu bakmine minangka simbol supaya dirgayuswa ya ora murahan alias pilihan.

Esuk jam lima sakwise blanja saka pasar, kabeh blanja banjur digelar ana omahe. Ngebaki pawon tekan cedhak ruwang tamu. Jam rolas awan tak wenèhi aba-aba supaya dirampungake sik sepuluh dhus kango kantore sisihanku. Liyane, warga kampung, cukup jam lima sore. Ben sing padha mulih kantor ayem, pas luwe kok cemepak sega komplit lawuhe.

Janjine bener. Nalika sisihanku arep njupuk dhus gunggung sepuluh, jebul isih ana urahan siji. Guyonan banjur takon, timbang dadi p i t a k o n a n a n a s i r a h t e r u s :

“Iki kanggo sapa Bu?”

Bu Widya mbisiki:

“Kangge Bu Derep. Piyambake kula utus mundhut sledri, kersane sekul kuninge tambah sedhep dipandeng”.

“Lha kok njaluk dhisik jatahe?” sisihaku ngusik.

“Mangke jam tiga badhe pamitan jagong, yen kula pun rampungan. Wangsule jagong, crios jam eneman. Mbok menawi ajrih mboten keduman,” semau njegeges. Bojoku ngguyu cekikikan:

“Kok ya ana sing ngono, polahe” komentare.

“Nggih Bu, pancen aneh-aneh. Dituruti mawon. Timbang mecucu”.

“Nng Bu Derep lak iya entuk jatah mangan ana kene ta?” sisihanku bali negesi.

“Nuwun sewu, kula namung nebak-nebak mawon.. niki mbok menawi kangge jatah putrane yen mengke wangsul saking sekolah.”

“Ooo, sing bocahe lemu kuwi?”

“Ingih, sing maeme kathah!” wangsulane apa anane. Sajak wis tau nyawang.

Omongan mandheg. Ana swara pit montor teka. Ora salah, Bu Derep nggawa sak unting sledri. Sisihanku mesem mbayangke polahe tangga siji iki.

Budi Wahyono

Alarm-e Tanggane

Wektu kuwi isih usum pertandingan bal-balan kelas dunia. Kebeneran wis tekan wolu kesebelasan jagoan sing digilir kudu tandhing. Sapa wae ngerti iki minangka tontonan sing ora baen-baen. Aja nganti ora nonton kanthi cara siaran langsung. Bener yen Lik Karmo banjur nglurug nekani tivi layar gedhe. Tivi duweke tangga sing omahe watara telung pekarangan saka ngomah. Kebeneran bapak-bapak gunggung eneman wis padha sepakat arep nonton bareng, dadi ora perlu enten-entenan.

“Mengko yen arep nonton bal menyang omahe Pak Budi, langsung nonton wae ya Pak, ora usah nggugah,” welinge sisihane.

“Lho, ora nggoleki, yen aku metu saka ngomah?” Lik Karmo nggodha.

“”Kan wis jelas ta Pak, ora menyang luar kota, apa maneh luar negeri,” banyolane sisihane ora kalah. Banjur nerusake, “Yen aku tangi, mengko arep turu maneh kangelan. Kancilen Pak... Yen arep nggawe kopi, ya wis cemepak,”

“Ya, wis, turu sik. Mumpung isih jam sepuluh. Petang jam maneh bal-e main. Lumayan kanggo paitan nonton. Ben ora ngantuk yen pas nonton,” semaure lugu.

“Dadi aku ora entuk masang alarm Bu?” pitakone rada rikuh.

“Entuk, nanging ana ruwang tamu. Aja ana kamar. Nggrebegi kuping Pak. Klebu kupinge bocahe dhewe. Mengko yen nganti nangis, njenengan malah ora sida nonton bal ta?” ukarane medeni. Lik Karmo blingsatan anggone ngatur strategi. Akal kancile metu. Jam weker pancen digawa menyang ruwang tamu sing adohe enem meteran. Krungu apa ora ya? Mikire rada ragu. Ora

urung akal kancile dilaksanakake.

Dheweke njupuk ember seng cedhak kolah. Ember digawa metu lan jam weker dilebkake ember. Karepe, yen jam loro mengko muni mesthi swarane bakal gandhang. Paling ora tekan kupinge dheweke. Dadi anggone nonton bal ora telat.

Lik Karmo banjur ngglethak turu sakwise nyelehake jam weker ana njero ember. Di pas-ake pandome jam loro. Pokok-e, yen jam mengko muni kudu njenggir mateni swarane. Ben ora gawe geger.

Kurang luwih petang jam bacute, kahanan kampung sepi. Kaya entuk kanugrahan, mripate Lik Karmo melek dhewe. Kamangka wektune jam muni isih limalas menitan maneh. Wah, ora perlu turu, malah kerinan. Luwih apik, weker tak patenane, ngono batinne. Terus dheweke nguncluk menyang kolah saperlu pipis. Lagi wae mlangkah; “Kriiing! Kring!” Karmo njenggir kaget. Bojone ya kaget.

“Kok banter temen ta Pak, pateni sik ah!” Yu Mikem rada mrengut. Karmo bingung.

“Sing mateni piye ta Bu?” pitakone mangkel.

“Kari mbanting Pak, wong jam-e dhewe mosok ora isa mateni,”.

“Bu, rungokna, kuwi jam weker-e Lik Supri. Dheweke ya arep nonton bal!” mangkele kesuntak. Bojone mung mesem kecut. Untung Rafa anakke ora tangi.

Raissa Nugrahita Putri



Rest Area THUK DHALI PAPAN PANGGENAN WISATA INGKANG NGRESEPAKEN NURANI

St. Sri Emyani

Nami Thuk Dhali, kacekak saking Puthuk Dhali. Mujudaken papan wisata ingkang damel pakendelan sawetawis para andon lampah. Utaminipun, inggih menika para andon lampah ingkang tindak kanthi nitih mobil utawi sepedah motor. Papan wisata pakendelan utawi katelah *rest area* menika, manggen wonten Desa Sumberbening, Kecamatan Dongko, Kabupaten Trenggalek, Jawi Wetan.

Menawi panjenengan tindakan saking kitha Trenggalek badhe dhateng Kabupaten Pacitan, nempuh jalur margi kidul watawis 20 km, badhe nglangkungi papan panggenan wisata *rest area* utawa pakendelan Puthuk Dhali menika. Sasampunipun panjenengan nglangkungi kecamatan Karanganyar dalah Kecamatan Suruh.

Margi nuju dhumateng papan wisata *rest area* utawi pakendelan Puthuk Dhali menika, minggah mudhun kanthi kiwa tengen ngrembuyung, ledhung-ledhung parden pinus. Sesawangan ingkang endah sanget napa malih menawi ngepasi wonten angin semilir. Suwanten pucukipun ron-ronan pinus kemrisik. Menawi kalukis dening panjenenganipun seniman Basuki Abdullah dalah S.Sudjodjono katelah lukisan *naturalis*.

Margi parden ingkang minggah mudhun menika, ampun kuwatos samnika sampun dipun aspal mulus. Nyekecakaken para sedulur sopir anggenipun ngendhalekaken titihan. Lha dene menawi para

mudha-mudhi, biasanipun anggenipun andon lelampahan dhateng papan wisata menika gegoncengan kalih pacaripun. Lelampahan ingkang endah nuju prana, sinambi ngiket tali asmara. Donya kados-kados namung gadhahanipun kekalih. Lintunipun kaangep mboten gadhah. Hem, dhasar nembe wuru, utawi mabuk asmara.

Rata-rata sanak sedulur ingkang tindak saking kabupaten Pacitan tumuju dhumateng kabupaten Trenggalek utawi suwalikipun, sami kendel sawatawis wonten papan wisata ingkang sampun anjrah winastan Thuk Dhali punika. Kejawi sekeca damel kendel, ugi papan wisata menika sanget endah ngresepi manah. Kejawi saget mirsani parden pinus, wonten sekitaripun papan wisata menika ugi mboten katalompen dipun tanemi maneka warna sesekaran. Wiwit sekar Anggrek, Mawar, ngantos sekar Kamboja Jepang nambahi asri sinawang.

MBOTEN KATARIK KARCIS

Mlebet papan wisata *rest area* Thuk Dhali *gratis* utawi mboten katarik karcis. Pramila punika para wisatawan remen sanget kendel sawetawis, sinambi ngleremaken manah wanten papan wisata ingkang endah nuju prana menika. Kathah, papan-papan wisata ingkang sepi para pengunjung. Amergi, katarik karcis mlebet. Benten menawi mlebet *gratis* utawa mboten katarik karcis mlebet, biasanipun para

wisatawan remen. Saget bebas, mboten kados *kamafiai*.


Lha masalah ingkang kados menika, kedahipun kenging dados damel *study banding* sanak sedulur pengelola papan-papan wisata lintunipun. Lajeng wonten pitakenipun. Lha angsalipun dhana pengelola papan wisata menika saking pundi..? Kula kinten, kangge tuladhanipun, saged saking: ngindhagaken regi padolan, *transportasi*, parkir lan sapinunggalipun. Syukur, menawi saget makarya sareng kalih para iklan usaha. Sami-sami untungipun.

SARANA

Menawi panjenengan kendel utawa sedya nglencer wonten papan wisata Thuk Dhali, saperlu badhe ngibadah. Wonten salebetipun papan wisata menika inggih sampun wonten Musholanipun. Amergi, mapan wonten parden. Ampun kaget. Toyanipun asrep sanget, Amergi, kapendetaken saking sumber redi. Kajawi menika, menawi panjenengan badhe bebuwang, wonten papan wisata menika ugi sampun sumadiya *toilet* utawi panggenan damel bebuwang. Biasanipun para sanak sedulur ingkang andon lampah, kendel rumiyin saperlu nyelakaken kendel dhateng wingking, saperlu bebuwang.

Semanten ugi, para kakung, menawi ketelasan udud utawi ses, wonten *rest rea* Thuk Dhali mrika inggih sampun sumadiya. Wonten dulur saking *Pokdarwis* (kelompok sadhar wisata) ingkang nyedhiyakaken. Menika, supados para wisatawan saget sami kraos dalah mboten ngantos nguciwakaken, para wisatawan ingkang sami kendel, sinambi nata ati ngresepi sesawangan ingkang edi peni.

Kejawi udud, utawi ses. Semenika wonten papan wisata Thuk Dhali menika inggih sampun semadiya



minuman ugi dhedheharan. Malah sumadiya kopi asli mriku ingkang saget ngusir soca ngantuk thekluk-thekluk.

KULINER TRADHISI

Wonten papan wisata menika, ugi sumadiya dhedhaharan prasaja ingkang arupi sekul Gegog. Kejawi sekul Thiwul, Trenggalek ugi nggadhahi dedaharan utawi *kuliner* tradhisi ingkang winastan sekul Gegog. Amergi mirah, tur rasanipun inggih mirasa, pramila kathah para wisatawan ingkang sami tumbas dhedhaharan mirah tur mirasa menika.

Miturut dedongengan, winastan sekul gegog. Amergi, rumiyin saderengipun masak ndamel kompor gas, masyarakat mriku menawi masak inggih namung ndamel kajeng. Inkang kajenipun saget kapendet saking parden mriku kemawon. Lha wekdal para tiyang kakung ngripik, utawi pados kajeng, simahipun sami ndamelaken blontrotan utawa tambagan, arupi sekul lawuh ulam teri ingkang dipun bungkus ron pisang. Sekul bungkus menika, supados mboten dhawah, dipun cantholaken wonten sabukipun para kakang ingkang pados kajeng, utawi ngripik niku wau. Amargi, marginipun minggah mudhun, sekul menika damel mlampah inggih obah-obah, gondhal-gandhul, utawi menawi basa ngrika *gegag gegog*.

Salajengipun sekul ngkang damel tambagan utawi bontrotan menika winastan sekul gegog ngantos sapriki. *Kuliner*, utawa dhedhaharan tradhisi saminika inggih sampun kabudayakaken wonten kabupaten Trenggalek ngrika.

Amergi papan wisata *rest area* Thuk Dhali menika manggen wonten pinggir margi, rata-rata para andon lampah ingkang ngliwati papan wisata menika, sasampunipun ngulati. Salajengipun kepranan, kepingin kendel wonten papan wisata parden



❧ papan wisata ❧

menika.

NGLIYEP

Penulis *Titis Basa* ingkang asli Panggul-Trenggalek piyambak, kados mboten waleh-waleh. Menawi nglangkungi papan wisata ngriku kendel sawetawis rumiyin wonten papan panggenan wisata *rest area*, Thuk Dhali menika.

Malah menawa sayah sanget, penulis kadhang ugi ngliyep tilem wonten *gazebo-gazebo* ingkang kasedhiyakaken wonten papan wisata menika. Menawi ngepasi musim panas, wonten *gazebo* mriku eco sanget lho. Amergi, angin pareden ingkang sumilir, silir-silir. Kadhang kala, ugi kapiireng suwantenipun ocean peksi alam, kados ta: Kutut, Jalak, Puter, Gentilang, Srigunting lan sapinungalipun saking wit Maoni sangajengipun *gazebo* papan wisata *rest area* Puthuk Dhali punika.

Pramila menika, menawi panjenengan ngepasi tindak bumi kabupaten Trenggalek, kados kirang



jangkep menawi dereng ngenggar-enggaraken manah wonten papan wisata pareden Thuk Dhali menika dulur.*** Sumangga



Kue Talam Singkong

Sri Asih



Punapa Panjenengan pirsia menawi singkong saget dipunmasak dados kue talam ingkang eca, legit, lezat?

Hemmm,yummy!

Kados pundi caranipun masak kue talam singkong?

Panjenengan saged masak kue talam singkong kagem pesta, hajatan utawi dipunsade.

Lha, punika caranipun masak kue talam singkong.

Bahan 1 (kanggo lapisan dhasar):

- 1 kg singkong
- 400 gram gendhis jawi
- 2 sdm gendhis pasir
- 500 ml toya
- ½ sdt sarem
- Ron pandan 3 lembar (dipuntali simpul).

Bahan adonan 2 (topping):

- 300 ml santen kenthel
- 50 gram tepung beras pethak
- ½ sdt maizena
- ½ sdt sarem
- 200 ml toya,
- 3 lembar ron pandan dipuntali simpul.

Caranipun masak kue talam singkong

❖ Caranipun masak bahan adonan 1:

- Singkong dipun onceki, dipunkumbah lajeng dipunparut;


- Godhok toya kalia gendhis jawi, gendhis pasir, sarem, ugi ron pandan ngantos umob;
- Aduk ngantos gendhis larut;
- Angkat lajeng saring;
- Siram larutan gendhis ingkang taksih anget dhateng parutan singkong,
- Aduk ngantos adonan campur rata;
- Lebetaken adonan dhateng cetakan kue talam (isi kinten-kinten 2/3 cup);
- Kukus ngagem dandang 20 menit.
- Angkat

❖ Caranipun masak bahan adonan 2:

- Lebetaken santen, tepung beras pethak, maizena, ugi sarem dhateng toya;
- Aduk ngantos adonan campur;
- Godhok adonan kalia dipun aduk;
- Angkat menawi adonan sampun mletup-mletup.

❖ Caranipun masak ingkang kaping 3

- Siramaken adonan 2 ingkang taksih panas dhateng cup adonan 1 ngantos cup kebak isinipun;
- Kukus ngagem dandang 10 menit;
- Angkat;
- Tengga ngantos adonan kekalih kraket ugi adhem;
- Kue talam dipun dalaken saking lebetipun cup;
- Dipunhidangaken.





Kue Talam Singkong

Sri Asih

Punapa Panjenengan pirsa menawi singkong saget dipunmasak dados kue talam ingkang eca, legit, lezat?

Hemmm,yummy!

Kados pundi caranipun masak kue talam singkong? Panjenengan saged masak kue talam singkong kagem pesta, hajatan utawi dipunsade.

Lha, punika caranipun masak kue talam singkong.

Bahan 1 (kanggo lapisan dhasar):

- 1 kg singkong
- 400 gram gendhis jawi
- 2 sdm gendhis pasir
- 500 ml toya
- ½ sdt sarem
- Ron pandan 3 lembar (dipuntali simpul).

Bahan adonan 2 (topping):

- 300 ml santen kenthel
- 50 gram tepung beras pethak
- ½ sdt maizena
- ½ sdt sarem
- 200 ml toya,
- 3 lembar ron pandan dipuntali simpul.

Caranipun masak kue talam singkong

❖ Caranipun masak bahan adonan 1:

- Singkong dipun onceki, dipunkumbah lajeng dipunparut;

- Godhok toya kalia gendhis jawi, gendhis pasir, sarem, ugi ron pandan ngantos umob;
- Aduk ngantos gendhis larut;
- Angkat lajeng saring;
- Siram larutan gendhis ingkang taksih anget dhateng parutan singkong,
- Aduk ngantos adonan campur rata;
- Lebetaken adonan dhateng cetakan kue talam (isi kinten-kinten 2/3 cup);
- Kukus ngagem dandang 20 menit.
- Angkat

❖ Caranipun masak bahan adonan 2:

- Lebetaken santen, tepung beras pethak, maizena, ugi sarem dhateng toya;
- Aduk ngantos adonan campur;
- Godhok adonan kalia dipun aduk;
- Angkat menawi adonan sampun mletup-mletup.

❖ Caranipun masak ingkang kaping 3

- Siramaken adonan 2 ingkang taksih panas dhateng cup adonan 1 ngantos cup kebak isinipun ;
- Kukus ngagem dandang 10 menit;
- Angkat;
- Tengga ngantos adonan kekalih kraket ugi adhem;
- Kue talam dipun dalaken saking lebetipun cup;
- Dipunhidangaken.



Nono Warnono:

Dwija, Pambiwara miwah

Sastrawan Panampi Pangaji-aji Sutasoma tuwin Rancage



Sastrawan kanthi asma sesinglon Nono Warnono menika saben dinten ngayahi jejibahan kadidene tenaga kependidikan utawi pengawas sekolah wonten ing lingkungan Dinas Pendidikan Kabupaten Bojonegoro Jawa Timur. Wiwit ketarik nyerat karya sastra arikala taksih ngangsu kawruh wonten ing bangku Sekolah Menengah Pertama (SMP) Baureno Bojonegoro. Tansaya sengkud nyerat lan kakintun dhumateng majalah miwah ariwarti, saksampunipun lenggah ing bangku Sekolah Pendidikan Guru (SPG). Anggenipun ajar nyerat tansaya adreng jer ugi nampi pamecut saking guru bahasa Indonesia ing pawiyatan miwah panjurung saking tiyang sepuh kekalih.

Sekawit nyerat karya sastra kanthi basa Indonesia, wujud cerita pendek (cerpen), puisi tuwin esai/opini saha genre sanesipun ingkang kapacak dening maneka udayana kadosdene: Majalah Mimbar Agama Islam, Mingguan Guru, Koran Suara Merdeka, Koran Bhirawa, Ariwarti Karya Dharma, Koran Minggu Simponi, Koran Jawa Pos, Koran Solo Pos, Ariwarti Prakarsa, tuwin majalah lan ariwarti online ing era digital.

Saking saperangan puisi saha cerpen ingkang kaserat, sampun nate kadherekaken maneka lomba, engga ing sajuga kalodhangan lumantar cerpen irah-rihan “*Dan Mendung Telah Berlalu*”, antuk pengaji-aji salebeting lomba nulis kang diadani ariwarti Simponi ing taun 1983. Sawatawis seratan ingkang awujud buku sampun kababar mawi basa Indonesia, kadosdene: antologi puisi “*Nyanyian Bidadari*” (Majas, 2018), sehimpun sajak “*Meruwat Halaman Belakang*” (Rumah Akar, 2019), tuwin

kumpulan puisi “*Lelaki dalam Rembulan*” (Praktek Mandiri Bojonegoro, 2020).

Kadidene dwija ingkang nate nampi pangaji-aji Guru Teladan I Nasional Taun 1998 kanthi irah-rihan makalah “*Revitalisasi Nilai Budi Pekerti Melalui Bahasa, Sastra dan Budaya Jawa*”, Nono Warnono antuk apresiasi saking Bupati Bojonegoro rikala semanten dipunlenggahi dening Drs. Atlan, MM. Penghargaan ingkang tinampi wujud jabatan kepala sekolah ing tataran Sekolah Dasar (SD). Wondene nalika giliran tinimbalan dening Gubernur Jawa Timur (Basofi Soedirman) rikala upacara ing Gedung Grahadi, nampi pambombong minangka duta pertukaran dwija ing Jepang. Sasampunipun jangkep administrasi saha persiapan tumuju Negeri Sakura, dumadakan agenda ingkang adamel bombonging manah kalawau gagal kaleksanan, gagar wigar awit wontenipun ontran-ontran kerusuhan reformasi ing Jakarta. Awit linandhesan tetimbangan Sekretaris Jenderal Kemendikbud, Prof. Dr. Indra Jati Sidi agenda pertukaran guru kalawau kedah kasumenekakae tanpa wates wektu ingkang gumathok. Samar bilih agenda kegiatan pertukaran guru kalawau saget ngancam keslametan para guru mumpuni saking sekolahan saindenging Indonesia.

Umiring ancas amrih saget holopis kuntul baris ngombulaken kualitas pendidikan, Nono kang lulus sarjana ing IKIP PGRI Bojonegoro lan lulus pascasarjana ing Sekolah Tinggi Ilmu Ekonomi “Artha Bodhi Iswara” Surabaya taun 2003, datan katalompen serius nyerat buku pendidikan ber-ISBN kanthi judhul “*Perspektif, Sebuah Catatan*

Pendidikan, Bahasa, Sastra dan Sosial Budaya" (Asia Grafika, 2016). Wonten malih "*Merdeka Belajar*" (Praktek Mandiri Bojonegoro, 2020), Buku penunjang kangge guru "*Blended Learning*" (Pustaka Ilalang Lamongan, 2020), tumunten Essai rame-rame kanthi irah-irahan "*Berkat Pandemi*" (Boenga Ketjil, 2020).

Sesarengan pangarsa Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro (JFX. Hoery) sumawana guru-guru sekolah dasar ing Bojonegoro, gumregut nulis buku pelajaran muatan lokal "*Matoh Basa Jawa*" (Asia Education, 2014) kangge siswa kelas setunggal ngantos kelas nenem minangka buku mulok wajib ing pamulangan SD/MI. Karya-karya non fiksi kangge pembelajaran ekstra kurikuler kepramukaan ingkang karipta: "*Buku Silabus Latihan Pramuka*" tingkat Siaga, Penggalang, lan Penegak/Pandega sesarengan tim Pusdiklatcab Kendalisada Kwartir Cabang Gerakan Pramuka Bojonegoro (Asia Education, 2017).

Hadiah Rancage lan Anugerah Sutasoma



Nono Warnono (Nomer tiga saking kering) nalika nampi Rancage 2014



Sareng pengurus PSJB saksampunipun nampi Anugerah Sutasoma 2018 saking BBJT

Maos Geguritan lan Puisi



Arikala wartawan Titis Basa nyarawidekake punapa pambenganipun mulang basa lan sastra Jawi ing pawiyatan? Pengawas sekolah ingkang asring dados Training of Trainer (ToT) lan Asesor menika nyethakaken: "Kasunyatanipun ingkang melok ketingal, basa lan sastra Jawi asring dikuwalonake (dianaktirikan) kadidene mata pelajaran tambel butuh ing tataran SD engga SMA sederajat. Ing babagan dwija, tansaya sudanipun gunggung guru basa Jawi ingkang kompeten (mumpuni) lan kwalifikasi lulusan perguruan tinggi jurusan basa Jawi. Realita ing nginggil tartamtu tansaya adamel mrosotipun kualitas pembelajaran basa Jawi ing maneka jenjang. Taksih kawimbuhan tumanduke pemangku kepentingan (stakeholder) kadosdene pemerintah daerah ingkang ewa nerbitaken kebijakan strategis sagetipun majibaken pamulangan basa lan sastra Jawi ing ndalem Peraturan Bupati utawi Peraturan Gubernur"

Nono Warnono ingkang pidalem ing Perumahan Gajah Indah Kecamatan Baureno Kabupaten Bojonegoro menika, lelumban njegur ing jagading sastra Jawi nalika nggabung dados anggota/pengurus Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro (PSJB) rikala taksih lenggah ing bangku sekolah menengah. Kadudut manahipun ambyur ing donyaning sastra Jawi karana kepencut monceripun para sastrawan kondhang ing PSJB nalika semanten,

Maos Geguritan lan Puisi



kadosdene: JFX.Hoery, Djajus Pete, Yes Ismie Suryaatmaja, Yusuf Susilo Hartono, Makloem, Sri Setya Rahayu, lan sanesipun. Asring nampi motivasi saking swargi Prof.Dr.Suripan Sadihutomo lumantar seratan lan pepanggihan. Profesor kentrung menika ajeg njurung amrih prodhuktif nyerat sastra Jawi mirungganipun genre geguritan lan crita cekak. Karya-karya wujud geguritan, cerkak, wacan bocah, cerita misteri saha reportase punapadene artikel sampun sumawur ing majalah-majalah basa Jawi (Panjebar Semangat, Jaya Baya, Mekarsari, Jaka Lodhang, Dharmajati, Jawa Pos Radar lan sanesipun). Ing maneka kalodhangan karya sastra kasebut asring kajumput dening sadhengah panitia lomba ingkang gegayutan kaliyan basal an sastra Jawi.

Nampi penghargaan Budayawan lan Sastrawan Berdedikasi saking bupati Bojonegoro lumantar Dinas Pendidikan taun 2014. Hadiah saking Yayasan Rancage kang diinisiasi dening sastrawan Ajib Rosyidi Bandung warsa 2014 lumantar karya antologi crita cekak "*Kluwung*" (Azzagrafika,2013). Taun 2018 ing gedung Cak Durasim Surabaya, nampi Anugerah Sotasoma saking Balai Bahasa Jawa Timur (BBJT) minangka karya sastra jawa terbaik kanthi buku kumpulan geguritan "*Kidung Langit*"

(Azzagrafika,2018). Tumunten buku kasebut dening BBJT karancang dados terjemahan bahasa Indonesia kinen saget kawaos dening kalangan ingkang linangkung jembar tebanipun. Parandene ingkang kapiji minangka penterjemah buku antologi geguritan kalawau lumantar proses lulus seleksi ingkang diadani dening BBJT. Wusana dhumawah dhateng penterjemah Arum Ngesti Palupi.

Buku anggitanipun Nono Warno sanesipun wujud kumpulan geguritan "*Sanja*" (PSJB makarya sareng Elmatara Yogyakarta,2010) crita misteri kanthi irah-irahan "*Malaikat Jubah Putih*" (Azzagrafika Yogyakarta,2015), kumpulan geguritan "*Laras Gupitasari*" (Pustaka Ilalang, 2018), antologi crita cekak "*Lintang Ing Langit Madinah*" (PSJB lan Buana Grafika Yogyakarta,2019), antologi geguritan "*Rembulan Karahinan*" (Buana Grafika Yogyakarta,2021), antologi geguritan "*Dalan Enggokan*" (Azza Grafika,2021), kumpulan crita cekak "*Lir Lesung Jumengglung*" (Nuntera Yogyakarta, 2022), antologi geguritan "*Bedhug*" (Nuntera Yogyakarta, 2022).

Karya-karya sesarengan pengarang sanesipun ingkang sampun terbit: antologi geguritan "*Tes...*" (Taman Budaya Jatim,1997), kumpulan geguritan "*Bojonegoro Ing Gurit*" (Narasi,2006), antologi crita cekak "*Blangkon*" (Narasi,2006), kumpulan gurit "*Tunggak Jarak Mrajak*" (Elmatara,2010),). Wonten malih antologi gurit "*Puisi Jawa Modern Jawa Timur*" (BBJT,2011) antologi crita cekak "*Pasewakan*" (Elmatara,2011), antologi gurit "*Mlesat Bareng Ukara*" (Satu Kata Book,2014), bunga rampai puisi-cerpen "*Lingkar Jati*" (Azzagrafika,2015). Selajengipun kumpulan sajak saha cerpen "*Bunga Rampai PSJB*" (Majas,2018), antologi puisi "*GIR*" (CV Delima,2019), bunga rampai "*Tadarus Sang Begawan*" (Pustaka Ilalang,2019), kumpulan sajak "*Bojonegoro Literasi Festifal*" (Rumah Akar,2019), kembang setaman "*Udhu Klungsu*" (Buana Grafika 2020), kumpulan cerpen & cerkak "*Pijar Napas September*" (Boenga Kecil,2020), kumpulan cerpen "*Hujan dan Api di Punggung Pertiwi*" (Boenga Kecil,2020), kumpulan geguritan "*Japa Lampah*" (Boenga Ketjil,2021). Taun 2021 ngantos 2022 wonten Kembang Setaman PSJB "*Rajapati*" (Buana Grafika, 2021), buku "*Merdeka Belajar,Tantangan, Tuntutan, dan Tuntunan*" (Boenga Kecil, 2022), antologi "*Lelakon, Djajus Pete ing Antarane Para Kanca*" (PSJB-Azzagrafika Yogyakarta, 2022), kumpulan geguritan "*Kopi Ireng lan Bakmi Jawa*"

(Dian Pustaka, 2022).


Ngombyongi regenging panggung sastra wonten ing maneka kalodhangan, sastrawan ingkang nate dados dosen swasta ing IKIP PGRI Bojonegoro, Unisla Lamongan, lan Universitas Terbuka kasebut, ajeg maos geguritan saha puisi ing forum-forum sastra, komunitas sastra, sumawana parepatan lan pasamuwan mirunggan. Kadosdene ing Gedung Cak Durasim, Balai Kota Surabaya, Festifal Literasi, lan Purnama Sastra Bojonegoro sarta ing momentum sanesipun.

Kadidene narasumber basa sumawana sastra ingkang asring tampil ing pawiyatan, komunitas lan organisasi kemasyarakatan kadosdene forum workshop, sarasehan, parepatan lan sanesipun, datan kendhat ngudi tumanjanipun basa lan sastra sarta nglestantunaken lumantar maneka ikhtiar. Saben-saben dipunbledig pitakenan kadospundi kiat amrihipun saget nyerat kanthi lancar? Wangsulipun cekak: "Kedah sregep maos!". Ingkang sanget berkesan ing sanubari pak kaji Nono, nalika ngrawuhi acara ngobrol buku lan workshop nulis sesarengan LPM Spektrum Unigiri ingkang dimoderatori dening Iwan Siswaya lan Nanang Fahrudin saking penerbit Nuntera. Nalika semanten para mahasiswa ingkang ambalabar kathah sanget. Diskusi uleng imbal wacana kanthi maneka pitakenan makantar-kantar tanpa kendhat ngantos durasi sapatemon kirang panjang wekdalipun.

Kajawi ambyur ing donya pendidikan lan kasusastran, priya ingkang kagungan asma asli Suwarno menika ugi ketungkul ndherek ngleluri seni budaya Jawi lumantar frekwensi kadidene penyiar radio ing Handayani FM saha Sinta FM. Ngemban adicara uyon-uyon gayeng lan campursari interaktif. Kathah sanget pandhemen giyaran kasebut ingkang dados fans fanatik, mboten winates lumantar frekwensi akasa kewala ananging ugi pepanggihan temu darat ingkang regeng sanget. Ing kalodhangan kalawau datan katalompen ajak-ajak para pamiyarsa sagedipun ndherek ngleluri warisan aji wujud seni budaya lan basa Jawi. Sarana adicara ingkang mayoritas pandhemenipun para sesepuh tataran awam kalawau, saget nandukaken nilai edukasi ing madyaning bebrayan agung ingkang maneka warni.

Ing pasamuwan mirunggan kadosdene pahargyan penganten, priya ingkang gesang tembayatan kaliyan sisihanipun Lilik Endang Werdiningsih lan putra ontang anting Laras Gupitasari, menika asring kapiji minangka panatacara. Kuwalahan minangkani pamundhutipun

Panatacara



para juru rias arikala sasi "becik" menggahipun tradhisi tiyang jawi badhe hamengku gati. Dereng malih undangan saking pribadi-pribadi ingkang mbanyu mili, sedinten mboten namung sepisan, ananging saget ngantos kaping tiga.

"Menawi dipunjingglengi lan dipuntintingi, yektosipun profesi pamiwara menika mboten tebih kaliyan para sastrawan ing jagat basa tuwin sastra jawi. Liripun, panata adicara menika mboten namung pawitan dedeg piadeg lan rupa bagus kewala, ananging kedah langkung lungit olah basa Jawi ing

ngarsanipun para pirawuh (audien). Kasusastran ingkang endah lan kuwawi anuju prana dhumateng para sumewa. Pangendhaliwara, ugi kedah wasis ngrumpaka ukara bab werdining adat widiwidana ingkang mengku edukasi lan pitutur sinandhi. Kadosdene, panggih penganten, balang gantal, sindur binayang, wijikan, tanjeban, bobot timbang, kacarkur tumekeng sungkeman. Sedaya kebak ing pralampita, pitutur luhur, piwulang pepeling talining agesang.” Makaten jlentrehipun nalika Titis Basa wawancara.

Gegayutan profesi ayahan panatacara, Nono ugi asring tinanggenah ngayahi wajib sesorah kadidene narasumber ing pelatihan *Master of Ceremony*, mliginipun ing panatacara basa Jawi. Nate ing setunggal kalodhangan, para mahasiswanipun ing PGSD lan PGMI nyuwun dikursus. Nadyan sekawit mandheg mangu krana winatesing wekdal, pepuntonipun mboten tega nolak ada-ada kalawau. Alhamdulillah, mahasiswa ingkang dipunkursus ing sela-selaning kuliah kalawau, kathah ingkang sampun wantun jejer panatacara profesional.

Nadyan kablebeg maneka jejibahan wajib ing kedinasan lan organisasi nirlaba kadosdene gerakan pramuka, dhongkolan pengurus Dewan



Giyaran Radio

Kebudayaan Kabupaten Bojonegoro lan pengurus Majelis Ulama Indonesia Kecamatan Baureno menika taksih kuwawi netepi jejer Ketua BPK ing Kwartir Cabang Gerakan Pramuka Bojonegoro.

Wawasanipun ing babagan kasusastraan Jawi, ndadosaken priya ingkang lair ing Bojonegoro,

14 Juli 1964 menika dados jujugan minangka dewan juri ing even lomba ndongeng, lomba pidhato basa Jawi, miwah lomba maos geguritan. Sesarengan pengurus Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro (PSJB) asring kerjasama kaliyan MGMP lan KKG ingkang ngawontenaken maneka jinis perlombaan. Kadidene sarana nggulawenthah para putra murid, miwah generasi mudha amrih tresna warisan adiluhung ingkang tumlonjongipun kuwawi nglestantunaken sastra miwah basa Jawi.



Pitutur Adiluhung Saking Leluhur

Kaimpun dending : J.F.X. Hoery

SAMANGSA lagi ngadhepi urip kang rekasa enggal dadanna kanthi sikep esem gumuyu, ati sumringah. Awit iku wis wujut alat kanggo enthenging sesanggan kang bakal numusi muluring pikir. Esthine iya mung wong kang tansah suntrut kentekan nalar kang anggone kepengin uwal saka panandhange kanthi pakarti-pakarti kang nerak ing bebener.

ORA ana crita kang ngandhakake yen wong ngapusi iku adoh mangsane. Lire, wong kena ngapusi wong liya, nanging umume mung sawatara kalamangsa bae. Ora gantalan wektu mesthi bakal kadenangan pakartine. Awit wis dadi kodrat yen bebener utawa kajujuran iku panggonane tetep ana sandhuwuring pakarti dudu, keadilan kang bakal kuwasa.

SAMUNGGUHNA si Cubluk oleh pituwas marga saka anggone mung ngekep dhengkul, gegeya si Wasis kang wis kedhungsangan polahe, saweyan tangane ora gelem tiru-tiru? Awit ing atase wong kang cukup sandhang penganggone, wareg wetenge- kajaba wong kang arep tekan janjine- isih meksa kudu ngobahake tangane kanggo muluk.

SAMANGSA kowe lagi kalimput kanepson, prayogane wong sing mboknepsoni, kongkonen enggal nglungani, utawa kowe dhewe sing sumingkir lan sauntara aja tetemonan karo wong liya. Menenga lan pikiren kanthi sareh tumindak kang nembe mboklakoni. Klawan mangkono atinmu bakal bisa menep lan dadi sareh. Kepara banjur bisa ngklelimbang apa kanepsonmu marang wong mau bener, apa malah dudu kowe dhewe sing luput.

. ELINGANA yen samubarang kang saiki mbokdarbeni amarga saka asil usahamu, saka wohing taberimu. Nanging yagene suwe-suwe barang asil kringetmu mau ora mbokrumat, ora mbokgemateni. Anggemati barang kang wis ana iku pancen luwih angel lan luwih ngrekasa. Mula aran wicaksana, wong kang sadurunge ngayahi pakaryan wis mbundheli niat, ing sadurunge kecandhak, bakal anggemeni asl usahane sadurunge entek.

WONG kang nacat, durung karuwan marga gething utawa sengit, semonoa uga kang ngalem durung karuwan yen seneng utawa kepranan. Yen mangkono, kepriye nyikapi, seneng dicacat apa seneng dialem. Becike miliha seneng dicacat, amarga saka panacat mau bakal nekake pangati-ati, sedheng pengalem asring nekakake lali. Tepatuladhane wis akch, pira cacahé wong kang lali, temahane nemoni bilahi marga kelem ing pangalem.

AJA kaselak kedereng nenacat utawa ngalembana marang sabarang kalir kang durung mbok ngerteni mungguh dhodhok selehe. Amarga bisa kedadeyan, sing luput mbokbenerake sing bener mbokkukuhake salahe. Wekasane kowe sing tetela dadi punjering prakara kang ora nggenah.

WATAK ngene iki dudu watak satriya. Yaiku yen antuk pitutur wong liya, kowe ora nampa, malah keladuk ora maelu, marga sing awch pitutur kalungguhane drajat lan pangkate isih ana sangisormu. Nanging jebule pitutur mau ing pamburine malah mbokanggo mituturi wong liya, kathik mbokdaku, yen pitutur iku saka panemumu dhewe kang murni.

❧ pitutur luhur ❧

KANGGO meruhi barang kang ala lan becik iku gampang, nanging milih salah siji iku sing angel,. Buktine kena apa akeh-akehe wong iku ing cak-cakane malah milih pakarti sing wis cetha diweruhi alane. Gampang bae pambatange, sing ala gampang dilakoni, sing becik senjata pakarti luhur naging abot banget nindakake. Lan saupama ana wong kang gelem, milih kang ngrekasa lakune. istingarah donya iki ora kebak dahuru.

ING samubarang pakaryan aja gumampang mesthekake luwih dhisik. Awit kajaba ndhisiki karsaning Gusti, uga perlune mbokngerteni yen sakching lalakon iku akeh banget sambekalane kang durung kinaweruhan lan ora memper banget bakal tekanie. Mula kang luwih prayoga lan penting makaryaa kanthi tumemen lan percaya marang kamurahaning Gusti Kang Maha Adil.

SAMANGSA kowe katuwuhan cipta becik tur murakabi ing liyan, prayoga enggal tandangana kanthi pramana. . Awit pletiking pikir kang resik iku yen ora enggal-enggal dilakoni istingarah tumekaning pati malah mung dadi ganjelaning ati. Apadene sawise mungkur, kowe mung bakal nandhang piduwung.

TUMRAPING manungsa mono, ora ana barang kang gawat lan abot dhewe kajaba ing rikalanac netepake plihan kang arep ditindakake,. antarane pakarti jujur lan pakarti kang mlenceng. Nanging rehning lawang kang anjog ing kajujuran iku ciyut lan rumpil, keh-kehane wong banjur milih lawang kang amba yaiku dalan kang mlenceng. Mula ora aran aneh, yen ing jagad iki cacahé wong kang ora jujur luwih akeh katimbang wong kang jujur.

KUWAJIBANING wong tuwa mono ora mung nggedhekake anak-anake, nanging kang luwih utama lan wiagati, bisa madeg dadi guru, mersudi anake bisoa dadi tuntunaning manunusa pethingan sing ana pigunane tumrap sapedane. Aja nganti pinadhakake karo sato kewan kang mung

sauger manak lan makani, tanpa aweh arah marang tujuwaning urip.

AJA kaselak kedereng nenacat utawa ngalembana marang sabarang kalir kang durung mbok ngerteni mungguh dhodhok selehe. Amarga bisa kedadeyan, sing luput mbokbenerake sing bener mbokkukuhake salahe. Wekasane kowe sing tetela dadi punjering prakara kang ora nggenah.

WONG kang nacat, durung karuwan marga gething utawa sengit, semonoa uga kang ngalem durung karuwan yen seneng utawa kepranan. Yen mangkono, kepriye nyikapi, seneng dicacat apa seneng dialem. Becike milih seneng dicacat, amarga saka panacat mau bakal nekake pangati-ati, sedheng pengalem asring nekakake lali. Tepatuladhane wis akeh, pira cacahé wong kang lali, temahane nemoni bilahi marga kelem ing pangalem.

WATAK ngene iki dudu watak satriya. Yen antuk pitutur wong liya, kowe ora nampa, malah keladuk ora maelu, marga sing aweh pitutur kalungguhane drajat lan pangkaté isih ana sangisormu. Nanging jebule pitutur mau ing pamburine malah mbokanggo mituturi wong liya, kathik mbokdaku, yen pitutur iku saka pancemumu dhewe kang murni.

KANGGO meruhi barang kang ala lan becik iku gampang, nanging milih salah siji iku sing angel,. Buktine kena apa akeh-akehe wong iku ing cak-cakane malah milih pakarti sing wis cetha diweruhi alane. Gampang bae pambatange, sing ala gampang dilakoni, sing becik senjata pakarti luhur naging abot banget nindakake.

